
ТІАРБЭ
НЕЛЛИ
Лъасэм и нэ

ТІАРБЭ
НЕЛЛИ

Лъахэм и псэ



НАЛШЫК
«ЭЛЬБРУС»
1991

С(Каб)2
Т 194

Редакторыр *ШэджыхьэщIэ Хь. ТI.*

Т $\frac{4702020200\text{-}103}{М125(03)\text{-}91}$ без объявления

ISBN 5-7680-1829-8

© ТIарбэ Нелли, 1991 гъ.

Хыхъуанэм и хъугъуэфIыгъуэхэр

Адыгэ щIыналъэм щыстха усэхэр

1. ХЫХЪУАНЭ ЦIЭНШЭ

СщIэркъым зэрыхъуари —
ЗанщIэу пхуэзащ си нэр,
ЗанщIэуи,
Шэм хуэдэу,
Си гум ухыхьащ,
Сыхэхуа пфIэщIыну абдеж мафIэ иным,
Си IэпкълъэпкъпщыкIутIри сщIэжкъым зэрыхъуар.

Ауэ, сощIэж,
Нэ лей лъэпкъ къыптемыплъэу,
Жьыр къэIэбэу гуапэу,
Хуэму сиIэта
Нэхъей,

Сибгъэзагъэщ хуитуи сэ уи IэплIэм,
Псэ зыIут щымыIэу, щIыпIэ гуэр сыпхьащ.

Сэ зы дуней дахэ,
Зы жэнэт сихуати...
Жьгъырут псынэ цIыкIухэр,
IэфIт жьы къысщIэпщар.
Псэр итхьэкъуу гуапэт псалъэ
зэхэсхати...
Сытым щыщт алъандэм гъащIэу
къэзгъэщIар?!

Сыздэпхьар хыхъуанэ пхыдза гуэрт,
Зы цIыхум
Жыжьэу темыплъауэ и нэр нобэм къэс,
Ауэ напIэзыпIэм ар мэхъу насыпышхуэм,
Лъагъуныгъэ къабзэм я къежьапIэ нэс.

Дэ тIум нэмыщIауэ,
Зы псэ щымыбауэу,
А хыхъуанэ дахэр уэрэ сэрэт зейр,
Мыин дыдэу щытми икIи мыцIыкIут, дауи,
Абы щытехуакIэ ди насып домбейр.

Пэжщ, хыхъуанэр, сыти жыIи, ар
хыхъуанэщ —
Ихъуреягъыр псыщи, плъагъуркъым
нэгъуэщI зы.
Псэ зыIут къимыхьэу, ди уней ар хъуати,
Бдзэжьей щIыкIэу, жэщи махуи дыхэст
псым.

Лъапи щамылъэщIрэ зыри зэмыIусэ
Лъахэр гъащIэ унэ дэри тхуэмыхъуа,
Щхьэж и нэгу щIэкIа гухэхъуэхэр и гъусэу
Ди натIэм илъ ухыгъэр тIуми дгъуэтыжащ.

Къэнэжащ хыхъуанэр зэрыцIэншэу.
Ноби
Абы зы цIыху и лъэр нэмыса.
Дэ тIум
Ди зэхуэдэ щэхуу ди гум илъщ ар гуапэу...
А дуней жэнэтым сис сфIощI иджыпсту.

Зыми имылъагъуу, IэплIэкIэ сиIэту,
Жьым а щIыпIэм сихь сщохъу.
Къыпачауэ зэщхь
Махуэхэм сахэкIыу си псэр бауэу хуиту
Абы сыщыпщIыгъуу жэщкIэри сопщIыхь.

Ауэ си насыптэм,
Щытми зэзэмызэу,
А хыхъуанэ цIэншэм сыщыпхуэзэжам,
ТхьэрыкъуитI нэхъейуэ,
ГукIэ дызэубзэу
Щыслъагъужын махуэм си псэр хуэзэшащ.

2. ДИ НЭХЪЫЖЬХЭМ Я КЪУЭПСХЭР

Къыумылъытэт сэ Iуэхуншэ Iуэхуу,
Хьэмэ сыкъежьауэ нэгузыужь,
Си нэ къикIыу си псэм сызэрихуэт,

Фыслъагъунуи
Ар таучэл схуэмыщIт.

Фи псэукIэ,
Фи дуней тетыкIэ
Зэзгъэлъагъуу зэгъэн папщIэщ сигу
Дяку дэлъ къуршхэм сакъыщхьэпрыкIыу
СыкъэкIуэнкIэ хуей щIэхъуар уи хэку.

Къыпхуэсхьар лIо?
Си псэм пэсщI хы ФIыцIэм
И ткIуэпс тIэкIу,
И дыгъэр,
И хьэуар.
Ауэ псоми ящхьэр
Куэдрэ фIыкIэ
ЗэкIэлъыкIуэу дыпсэуныр арщ.

Сэри сощIэ, уэри уощIэ, дауи,
Ди адэжьхэр къытекIащ зы къуэпс...
АтIэ зы лъым къыхэкIахэр дауэ
ЗэфIэкIуэд хъун? — жысIэу согупсыс.

А гупсысэм кърехуэкI си шылъэр.
Лъагъунлъагъу си шыпхъу, си дэлъху я деж
СыкIуэ щIыкIэу, сытым хуэдиз жылэ
КъэскIухьахэр сэ симыIэу еш.

ГъэщIэгъуэнкъэ, псалъэурэ зблэкIа
цIыхухэм

ЖаIэу хъуар зэм къызгурыIуэ сфIэщIт,
Къысщыхъут зэми фIыуэ зэхэзмыхыу —
Мохэм нэхъри нэхъ гъунэгъу захуэсщIт.

Къысщыхъут псори зы бзэкIи дыпсалъэу,
Ди адэжьхэм къащIэнахэм щыщ,—
Хуаусауэ лъэпкъым,
Ди щIыналъэм,—
Къыхэддзэнуи ди зы уэрэдыжь...

Доуэршэр дэ псалъэм псалъэ къилъхуу.
Къуэпс къэслъыхъуэр нэхъри сэтей къохъу.
Тэмэм: зылъщ щызежэри ди лъынтхуэм,
Зы къуэпс тета жыгхэу дызэфэгъущ.

Пэжщ, а къуэпсым зидзащ жыжьэу.
Ауэ
ЗэкIэщIэпчу кхъужьей бгъэIэпхъуам
Плъэгъуа мыIэрысэ къыпыкIауэ?
Араш дэри ди Iуэху зэрыхъуар:

Илъэс минхэм дащIми зэпэIэщIэ.
Ди адэжьхэр зы къуэпс и жыгитIщ.
Пхъэщхьэмыщхьэ бэвым ягъэхыщIэу
Ахэр дэтт зэгуэр зы пщIантIэ хуит.

Сэри нобэ мис а пщIантIэ иным
Сыдэт сфIэщIыжу уи лъахэм ситщ,
Гъэ мин къуэпсхэм сфIытоплъызэ си нэр,
Си нэпсыр тэмакъкIэщIым къыщIэтщ.

Сащхьэдохыж тIуми ди бжэщхьэIуу
Щыт къуршхэм.
Ди адэжьхэм я къуэпс
Быдэр мыгъужыну тхьэм солъэIури,
Пэж а гугъэр хъуным сыщIохъуэпс.

3. УИ IЭДЭБЫГЪЭР

Ущэхут...
Ущыст сабыру...
Iэдэбыбзэу...
Ауэ, хьэрыщэ мафIэм тет шыуану,
Белджылыт хьэзаб зэрытелъыр уи псэм —
Уи щэхур уи фэм нахуэ къищIт бэяну.

Ущэхут...
Ущыст сабыру...
Iэдэбыбзэу...
А Iэдэбагъыр уи гум и IункIыбзэт.
ИкIи абы хуэхъун IункIыбзэIух
Мы дунейм къытебгъуатэмэ си Iуэхут.

Нобэр къыздэсым а IункIыбзэIухыр
Зыгуэрым тыгъэ хуэпщIын щыгъэтауэ,
Темыплъат абы зы хъыджэбз нэщыхуэу —
Уи гур пхъумат IункIыбзэ ин етауэ.

Ауэ сэ, тхьэм и нэфIыр къысщыхуати,
А Iухыр дзыхь къысхуощIри Iузох уи гур...
Уи щэху,

Уи лъэпкъ и тхыдэ къысхуоIуатэ.
Щыгъуазэ сощI адэжьхэм къакIуа гъуэгум.

Уэ умылъагъуми, яхуэзгъэщхъыу си щхьэр
Си цIыхубз нэпсыр хуэмыгъэпщкIуу си нэм
Зи гугъу къысхуэпщI нэхъыжьхэм ситт я
пащхьэм —
Слъагъут ахэм я пщIэр,
ЯIа лIыгъэ иныр...

Сыкъыхэпщыжти тхыдэм,
Гъуэгугъэлъагъуэу
УзиIэт —
Сыздумышэ къыумыгъанэу,
Фи гъавэр,
Пхъэщхьэмыщхьэр зэрыбагъуэр
Уи напщIэм телъти,
ЩытхъукIэ щIыр щIэбгъанэт.

Си гъуазэт уи гум и IункIыбзэIухыр —
Къысхуигъэнэхуу жэщым я нэхъ кIыфIыр
Аузхэр, къуршхэр зэпысчт сфIэмыIуэхуу.
Фи Iуащхьэмахуэ дыди сыдэкIыфырт.

Слъагъут зыми и нэ зытемыплъа Iэджэ:
Мес цIыхум Iупэ зыхимыщIа псынэ.
Псэлъэгъу сащI мывэм — ахэр тхыдэ
гъуджэщ...
Си псэм я щIасэщ ялъагъу псори си нэм.

Сыт щхьэкIэ?
А псор зыщIэлъ жэнэтыбжэм
Ета IункIыбзэр зэрыIусхыр уи гурт.
А гум и тет сыхъуауэ сэ зызбжыжри
Сытехьат уи псэм сезышалIэ гъуэгум.

Ауэ къыщIокI ар жыжьэ
щыбгъэпщкIуауэ —
Пхъуантэ фIыцIиблым пщIат гъэпщкIупIэ
я щIэр.

Iузох зыр.
ЕтIуанэр...
Инат сыхъуауэ
Зыр зым кIэлъыкIуэу ахэр къызотIэщIыр...

Мис иджы, моуэ иджыпсту Iузохри
Мы дуней фIыгъуэм я фIыгъуэжу слъытэ
Уи псэр ебланэ пхъуантэм къыдызохыр
Щыжысlэ дыдэм си гур мэхъу къилъэту.

Си насып къикIмэ, дунейр хъунт щIэращIэ.
Нэгъуэщl зыгуэру дыгъэри къепсынт.
Уафэмрэ щIымри къыхадзэнт къэфэщIэ.
КъызэIуахынхэт жапIэ Iэджи псым.

АрщхьэкIэ дэнэт...
Пхъуантэр Iусхыфакъым.
Къэслъытэм дуней фIыгъуэм я фIыгъуэжу
Си насып,
Сыт пщIэн,
Хэлъу къыщIэкIакъым.
Ауэ хуэздэнкъым Iуихыуи ар нэгъуэщIым...

Дихуэным и пэ ди жэнэт хыхъуанэм
Зэрыщытауэ псори къренэж.
Насыпыр зэкIэ сэ спэIэщIэ хъуами,
Абы си гугъэр ноби хэзмыхыж.

Ущэхут.
Ущыст сабыру...
Iэдэбыбзэу...
Ауэ зи фэгъур а уи Iэдэбагъыр
Гъэмахуэ шылэм мывэ къыр цIуубзэр
Дыгъэм зэрижьэрт къыщхьэщихыу бахъэр.

Ущэхут.
Ущыст сабыру...
Iэдэбыбзэу...
Ауэ езгъэщхьт сэ а уи Iэдэбагъыр
Гъэмахуэ шылэм хы щхьэфэ цIуубзэр
Дыгъэм щилъагъум къыщхьэщихыу
гъуэзыр.

Ущэхут...
Ущыст сабыру...
Iэдэбыбзэу...
Ауэ сэ ноби а уи Iэдэбагъыр
Сщохъури хыхъуанэм —уи гум и IункIыбзэу,
Си псэр щIэмычэу аращ щIыхуэпабгъэр.

4. НЭКIЭ СЫНОПСАЛЪЭРТ

Сэ сыхэтти зы фIыгъуэ,
Сыхэтти зы фIыгъуэ —
Сынопсалъэрт нэкIэ,

Ба ныпхуэсщIырт нэкIэ,
ПщыстIагъэрт абхъаз фащэ лIэужьыгъуэ.
Пщыхьэщхьэ пшэплъым
Бахъсэнымсым соплъыр.
Сэ IэкIуэлъакIуэу зэIузощэ
Уи бащлъыкъыпхъэр,
Уи цеипхъэр,
Пшэплъым уи фащэр сэ хызощIэ,
Дунейм тет цIыхум сыкъимыщIэу
Си псэр уэ щэхуу къоIущащэ.
Дыгъэ бзий плъыжьыр зытридзэ
Псы щхьэфэм си нэр топлъызэ.
СфIощI уи сурэтыр абы къищ,
НэкIэ сопсалъэурэ нэху согъэщ.
Мы дунеишхуэр зыгъаблэ
Дыгъэм и фэгъуу къысфIощI
ЩIакIуэ хужь издзар сэ уи плIэм,
СыгуфIэу нэкIэ ба пхузощI.
Уэ пхуэдэ щIалэ мыхъу си фIэщ
Къытралъхуауэ мы дунейм,
НэкIэ сопсалъэу сисщ уи куэщI,
Сохъуапсэ хъунум уэ узей.
Уэ насыпыфIэ пщIыну пщащэм
Сохъуапсэ икIи тIэкIу соиж...
Ныжэбэ сыту жэщ дахащэ —
Зы вагъуи уафэм пфIощI имыж.
Абхъаз хъыджэбзым и насыпыр
Адыгэ пщащэм щхьэ лъыса?
Си насып Iыхьэр зыхьа псыпэм
Сэ сыкIэлъоплъ зызгъэгусау.

Бзылъхугъэм игу илъ къиIуэтэну
ЗыщIыфыр, дауи, щIалэ екIут,
Ауэ насыпыр къыуимытынум,
Абы къарукIэ хъуркъым епку.
Ауэ сыхэтти сэ зы фIыгъуэ...
НэкIэ пхуэсIуатэрт сигу илъ псор,
НэкIэ пхуэсщIащи сэ ба фIыуи
Ар си гуфIэгъуэу сропсэу.

АНЭ

Си анэ дыщэу си нэм, си псэм хуэдэ,
Уэ усфIэкIуэдри си дунейр кIыфI хъуащ.
Сэ злэжь Iуэху псоми уэрти псэуэ хэтыр,
Уи гъусэу си псэ къуэпсри къысфIощI гъуа.

Сыкъэнащ си дзэлыфэ схуэмытIыжу,
КъызокIухь сещхьу зи щхьэ бжьэ еуам,
Мы дуней нэхур къысфIэмыIэфIыжу,
Си анэ дыщэ, занщIэу си цыр уащ.

СыIэбэху къасщтэу щыта си къалэмри
СIэщIэхури зеиншафэ къытеуащ,
КъысхуищIэрт гурэ псэкIэ и къалэнри,
Ари щхьэщIыбым дэздзэжын хуей хъуащ.

Зи Iуфэ сыIус тенджыз ФIыцIэм и щIэм
ЩIэтIысыкIамэ фIыгъуэр — къэгъуэтыж,
Усэ сатырхэр хобэмпIыхь гущыщIэм,
Уи бампIэм сехьри псалъэ схуэмытхыж.

Анэ зимыIэм, жеIэ ди псалъэжьым,
ГуIэр и махуэщ.
Сэ къысIуплъэу хъуам

СафIэгуэныхьщи щэхуу нэпс ялъэщIыр
Слъагъухукlэ си гу къуэпсыр ягъэтхъуащ.

ЩIыр илъагъужкъым си нэм.
Сыщхьэлажьэщ.
Сэ си дзэлыфи хуиту схуэмытIыж.
Жэщ гуэрым пщIыхь сыхэту сопсэлъащи,
Зи гугъу тщIар дахэ-дахэу сымыщIэж.

Къэплъыхъуэ хуэдэт зыгуэр пфIэкIуэдауэ.
Сыбгъэгузавэрт.
Си фэр пыхьэ-пыкIт.
— Уи ручкэр си зэранкIэщ щIэкIуэдари...—
ЖыпIэу ди унэр хуэдэт къыщIэпщыкI.

Си анэ дыщэ, сыгуфIащэу си гур
Зэгуэудыным зы тIэкIущ иIэжар!
Дауэ къыпщыхъурэ — сист уи пащхьэ
нэхум,
КъысфIэщIт упсэууэ уи нэгу сиплъэжа.

КъысфIэщIт, сыт щыгъуи хуэдэу, нобэ
гуэрми
Сэр щхьэкIэ угузавэу зепхуэу Iуэху —
Хуэхьынкъым си къалэм псым я нэхъ
уэрми,
Усэм сырипхъущ, си анэ, узиIэху...

Сыпхуэарэзыщ, си анэ, пщIыхьу щытми,
А гугъэр зэзэмызэ хьэщIэ схуэщI,
Къалэмыр сIэщIрелъи си псэр щыстми,
Сынихуэж напэ хужькIэ сэ уи куэщI.

КЪЫТЕЗЫГЪЭЗЭЖ

Нэху щыщкIэ уафэм ишыпсыхьыж вагъуэу
ЩIалэгъуэ нурыр си нэм щоужьых,
И фэгъуу гъатхэм — щIылъэм
къыхуеблагъэм
ФIылъагъуныгъэр си пхъум къыхуопсых.

Дыгъуасэ сабиифэ зэсплъа си пхъум
Нобэ, удз гъагъэу, нурыр къыщхьэщех.
Иплъэрейщ гъуджэм.
И щыгъын зэблихъуу
ЗегъэщIэращIэ еуэ, зыкърех.

Плъагъунщ зэм гуфIэу зэтемыхьэу Iупэр,
Зэми, нэщхъейщи, уи гур егъэуз.
Дыгъуасэ гуащэ цIыкIухэм хэсащ.
Нобэ
Лъагъуныгъэм уэрэд иregъэус.

Ей дунеишхуэу фIыгъуэр зи IэщIагъэ!
Сыт пхузифIыщIэ —
Си пхъум фIыр къылъос.
Си хъыджэбз цIыкIум соплъри
согъэщIагъуэ —
Къыпачау си щIалэгъуэм ещхьыркъэпсщ.

Сехъуапсэ фIэкIкIэ семыфыгъуэ пэтми,
Си пхъум сыздеплъым нэщхъей
сыкъэхъуащ,
Зи нэгум шэмрэ лъымрэ щызэщIэтым
Зезгъэщхьри си щхьэм хуэсхьыжат
мыгъуагъ...

Ауэ, нэхулъэ къищI нэхъейуэ, си гур
Хуэм-хуэму къогуфIэжри согупсыс:
Си насыпщ си пхъум пещэри си гъуэгум.
А гуфIэгъуэщIэм уэрэд хузоус.

Ей, дунеишхуэу фIыгъуэр зи IэщIагъэ!
Сыт пхузифIыщIэ — си нур ужьыхар
Си пхъум и нитIым лыду щыщIэслъагъуэм
Къытригъэзэж сфIощI си щIалэгъуэ кIуам.

ЩIЫХУГЪЭ

Си гур хэщтыкIыу, си щхьэр схуэмыIэту,
Лъэр щIощIэ абрэмывэ стелъ нэхъей,
Нобэрей махуэм сызыхуза Iэдэм
И узыр къысфIэщIт сщхьэщихыну жейм.

Ауэ дэнэт?
Сыхэлъ сфIощI шыгъушыпсыпIэм —
Жейми сезэгъкъым.
Къызозауэ псэр.
Бэлыхь хэт си гум къелъыхъу егъэзыпIэ,
Мы дунеишхуэр къыстохьэлъэ сэ.

Нобэ си нэгу щIэкIахэр зэзгъэзахуэу
Сыхэлъти лъынтхуэу сиIэр къызэгуэчт,
Си гущхьэр лъыуэтэпс зыщIа а махуэм,
Псыкъиуа щIыкIэу, си лъыр кърихуэкIт.

Зэми цIыхугъэр зыфIэкIуэда цIыхум
И мэз баналъэм лъапцIэу сыщIэт сфIэщIт,
Зэми нэгъуэщI зым схуитIа мащэм сихуэрт.
Зэми жин фIыцIэ къызэжам сафыщIт.

Зэм благъуэ жьабгъуэм сызэIурелъафэ,
Зэм, блэ щхъухь щIыкIэу, зи бзэхэр дыдж
зэз

Зы цIыху Iей къом къажыхь си Iуфэлъафэр,
Жыхьэнмэм и мафIаем зэми сес.

А бэлыхь псоми сакъыщыIэщIэкIым
И IэплIэ псэншэм сохуэ зы цIыху гуэр,
Дзэлыфэр схуитIми, езыр псэхэх щIыкIэщ,
Сыхедзэ фIей хъужауэ зы псы уэр.

ФIэгуэныхь сыхъуагъэнщи,
Мис а псоми
СакъыIэщIетхъ жейм,

ПсэтыншыпIэ схуещI
И бгъафэ гуапэр.
СыIурех сэ зэуи
ПщIыхь IэфIу слъагъухэм насыпыфIэ сащI:

Нобэ бэлыхьу сшэча псом, слъэгъуахэм,
Дуней жэнэтым хуэдэу захъуэжат,
Хьэзаб,
КIуэдыпIэ нобэ схуэлъыхъуахэр
Си пщIыхьым псори цIыхуфI щыхъужат.

КъызжиIэрт псалъэ гуапэ, псалъэ дахэ.
ЖаIэхэр гумрэ псэмрэ къабгъэдэкIт.
— Сыт ухуэныкъуэ-ухуэфI? —

Скуэблахри
Дунейм тет фIыгъуэр — сфIэщIырт
къыэбэкI.

— Бзылъхугъэщ! Дипхъущ. Iагъ! — жаIэу
Iэгум сису
СаIэтырт уафэм нэскIи — си дунейт.
Слъагъути дэтхэнэ зыми и гур,
И псэр,
Ахэр бжыгъэншэт,
Псынэ къабзэкIейт.

...Сыкъоуш.
Пщащэ дахэ дыдэм хуэдэу
СхуэгуфIэ дыгъэр бзийкIэ къыздоджэгу,
— Ухэмыщт! — жиIэу Iэ къыдилъэу си
щхьэм
Ныжэбэ слъэгъуа пщIыхьри щIэтщ си нэгу.

Сэри согъэфI сигу:
Iейр зищIысыр уощIэ,
Ауэ щыхъукIэ, уэ цIыхугъэ зыхэгъэлъ —
ЦIыхугъэрщ зыгъэбыдэр и къуэпс
гъащIэм...
Ауэ къохъу гъавэм щымыщ гуэр щыхэлъ.

ИЛЪЭСЫЩIЭ ХЪУЭХЪУ

Си гъащIэ псом и кIуэцIкIэ нобэщ япэу
СфIэIэфIу сэ фадэбжьэ щысIыгъар,
Къыплъысмэ хъуэхъуу жаIам я нэхъ
гуапэр,
СфIэщIынщ си унэр дыщэкIэ къабгъа.

ГугъапIэу сиIэм я нэхъыфIыр нобэ
Уэ, ИлъэсыщIэ, бдэзэщIэну ухъу!
Схуэмылэжьахэр Iуэхуу сэ нэгъабэ
Мы гъэм сщIэфыну уэри къызэхъуэхъу.

Уэс къесагъащIэу
Зи нэгу хуитыр къабзэ,
Удз гъагъэ щIыкIэу ёлкэр тыгъэ зыщI
Ди ИлъэсыщIэ, лъапэ махуэ лъапсэм
Къихьи къеблагъэ — сыпхуэарэзыщ.

Иремыхъу кIащхъэ къытхуэпхьа
гуфIэгъуэр —
Уи махуэ къэскIэ тхурехъу насыпгуэш,
ИремыкI уэркIэ цIыхум я щIэщыгъуэр,
Нур къыпщхьэщихыр нэхъри укъу нэхуж.

Уи махуэм дыгъэм гъащIэр игъэхуабэу,
Уи жэщым мазэм дэхъуу нэху дунейр,
Уи махуэ псори икIын папщIэ гуапэу,
Ди Илъэсыщ!э хъуэхъухэр пхуагъэхъей.

Къытхуалъху сабийм я бжыгъэм
тхухагъахъуэ,
Унэщ!эу мы гъэм тхуегъэщI нэхъ куэдыж,
Ди Илъэсыщ!э, щIыхуу къыпхуэхъуахъуэр,
Бгъэгуф!эр нэхъри ирехъу нэхъыбэж.

Си Илъэсыщ!э — усэ сатырыщ!э,
Си унэ хадэ, си мэз дахэкIей,
Си щIыщIэ, хэмыхьауэ зэй пхъэIэщэ,
Си абхъаз хьэщIэщ зи уэнжакъым зэй

Зыщымыуа Iугъуэмэ нобэм къэскIэ —
Гугъап!эу си!э псоми я илъэс
Сып!ащ!эу сыножьащи уэ илъэскIэ,
Уи ф!ыгъуэ, уи гуапагъэ къыслъыгъэс.

Сыхэшэ гурыф!ыгъуэ курыкупсэм,
Ауэ си ф!ыгъуи псоми ялъыгъэс,
Къысхуэубыди, кхъы!э, лъэрыгъыпсыр
Усыгъэм и уанэгум сыгъэшэс.

Къыщыгъэушыт си гум уэрэдыщIэ —
Хуэдэу лъэпкъ щIыхьым, напэм хуэфэщэн.
Схуэхъу, Илъэсыщ!э, уэ Сэтэней дыщи,
Сэ слъэкIыу дунейм теткъым пхуэзмыщIэн.

Къипхьауэ къыщIыкI си Хэку лъапэ махуэ,
Си Илъэсыщ!э, си гугъап!э ин!
Ди хъуэхъухэм я нэхъыф!ыр, я нэхъ дахэр
Ухъу илъэс псом уэр папщIэ яIэтын!

БЗЫЛЪХУГЪЭМ ДЕЖ

ГуфIэгъуэ уиIэу къохъу ущынэщхъыфIи,
Къохъу гуауэ инми ущигъэнэщхъей.
Хуабэ, нэху бдохъу щIыр дыгъэм нэхъ
нэхъыфIу,
Мазэ из ухуохъу жэщкIи уэ дунейм.

Удз гъэгъа къипчми мывэкIэщхъ
къэпщыпми —
Уи Iэр зэIусэр насып тыгъэ мэхъу.
ФIыгъуэр щыбгуэшу солъагъу дэнэ щIыпIи,
ГуфIэгъуэм и гъуом къысфIощI урифэгъу.

Зэм дыгъэ гуакIуэу губгъуэхэм утопсэ,
Зэми удз щабэу, тафэр бдолъэщIэху,
МафIэ бзий щIыкIэу жьэгуми зэм удопсэ —
Уи псэ хуабагъэм иIэкъым ужьых.

Насыпым и бзий хуабэу цIыхум ягу
Ущоблэ — уемыблэжу езыр уигу.
Зеиншэ зэй мыхъуным папщIэ щIышхуэр
Псэ къэгъэщIынкIи къыптемыхуэ щIыхуэ.

Уигу щыщIэр уи фэ догъэхуэж сыт
щыгъуи —
ГуфIэхэм уадогуфIэ-задогъэкIу,
НэгъуэщIхэм ядоIэтри я гуфIэгъуэр,
Уи гуауэр щэхуу уи псэ щIагъ
щогъэткIу.

Мис а цIыхугъэ къомыр бдызолъагъури,
Бзылъхугъэ гуапэ — дунейм и джэлэс!
Аращ си анэм хуэдэу ущIэслъагъури,
Уэрэдхэм я нэхъыфIри плъызогъэс.

СИ ДУНЕЙ

Хъурейкъым, щIылъэм ещхьу, си дунейр.
Ар, топ гъэпща пфIэщIынущи, мы хъурей,
Сэ си дунейр нэгъуэщIхэми ямей —
Ар гукIи, псэкIи, лъыкIи сэращ зейр.

Абы и щыгум сихьэфакъым зэй.
Сэ си дунейм и щэхур къэщIэгъуейщ.
Абы и гъуни нэзи умылъагъу.
Мы нэджэIуджэ икIи си дунейр.

Щихъагъ хэмылъми, имылэжь делагъ.
Сэ си дунейр езы щIыхъурейрщ.
Сэ схуэдэу ар нэгъуэщIым имылъагъу.
Сэ си дунейр мы насып къудей —

ГуфIэгъуи гууи ари хуэмыхей.
Сэ си дунейм и гъуэгур уэгум нос,
Ар хым и щIыIуи тенджыз лъащIи щос.
ЩIы хъурейм щалэжь псоми ар лъоIэс.

Сэ си дунейр — си Iуэхущ Iафэращ,
Ар сыщIэгуфIэр, сил щIэузыращ,
Сэ си дунейм,— ар хьэкъыу мэхъу си
фIэщ,—

Ухуеймэ, ныбжьэгъу, уэ щхьэщытхъу
къысфIэщ,
Хъунщ Уэри ЩIыри къецIыкIуэкIрэ
ПсэмГурыщIэм псэкIэ къахуигъуэту бзэ.

ГУЩЭ УЭРЭД

Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищIу-лэу!
Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищIу-лэу!
Анэр бгъэдэсщ гущэм,
ХэкIуэтами жэщыр.

Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищIу-лэу!
Гущэ щэбэрыкIуэм
Щотынш сабий цIыкIур.

Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищIу-лэу!
Анэм и псэ закъуэр
ЩIегъэхъае сакъыу.

Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищIу-лэу!
Сабийр мэжей тыншу,
Анэр щысщ жеиншэу.

Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищIу-лэу!

Адэр зыщIэхъуэпсыр
Пызыщэнт лъэпкъ къуэпсым—
Къыхуалъхуащ нарт щауэ
Зыпэплъар куэд щIауэ.

Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищIу-лэу!
Адэм и жьэгу пащхьэр
Иремыхъу мафIэншэ!

Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищIу-лэу!
Анэр насып Iуащхьэм
ПщIэнкъым тету фIэкIкIэ.

Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищIу-лэу!
Зи пщIыхьэпIэр IэфIу,
ФIыгъуэу зытеджалэр,
ЦIыхум, тхьэм я нэфIыр
Зыщыхуэн си щIалэ!

Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищIу-лэу!
Зи нэр дыгъэ-мазэу,
Зи нэгу уафэ къабзэ!
Анэр зыхуэупсэу,
Адэр зыхуэпсэу.

Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищIу-лэу!

Уафэр зи тепІэну,
ЩІылъэр зи щІэдзын,
Лъэпкъыр зыгъэфІэну,
Хэкум и лІыфІ хъун!
Лэу-лэу-лэу!
Лэуэ ищІу-лэу!
Лэуэ ищІу-лэу!..

ЦІЫХУ ПСЭ КЪАБЗЭХЭР

Нэгъуэщ1хэм папщІэ псэр ятын хьэзыру
ЦІыхушхуэ, цІыхуфІ куэд тетащ дунейм.
Ауэ гугъуехь хэмыкІыу псэут езыхэр,
Дэгъэзеигъуэу яхьт я гъуэгу къуейщІейр.

Ахэр зэм псэууэ мафІэкІэ ягъэсырт,
Я щхьэр ищІагъыу зэм щхьэпылъэ ящІт,
Ауэ абыхэм я акъыл къитІэсым
ЦІыху гъащІэр сытым щыгъуи иузэщІт.

Шыуан абрагъуэм ещхь щІыр бжьэпэм
къэскІэ
Іуэхуфірэ фІыгъуэ гуапэкІэ ягъэнщІт,
Ауэ езыхэр мафІэкІэ щагъэскІэ
Белэмбешэмхэм ахэр ауан ящІт...

Апхуэдэу щытащ ижь-ижьыжхэм щыгъуи.
Апхуэдэу ноби щалэжь щІыпІэ куэдщ.
А псор зи нэгу щІэкІ дунейр къокІуэкІ
щыгъуэу,
А псор зышэч щІыр сэри сщохъу псэкІуэд.

Ауэ,
Псибл зыІут джэдум ещхьыркъабзэу,

Псэ быдэу, бэIутIэIуншэу нобэм къэс
ЩыщыткIэ щIыр,
Пэжщ
Мохэм я псэ къабзэр
Хуэхъуауэ щытар щIы хъурейм джэлэс.

ЩIЫЛЪЭМРЭ СЭРЭ ДЫЗОПСАЛЪЭ

— ЩIылъэ, ЩIылъэ, сыту уин Iей!
ЩIылъэ, ЩIылъэ, уэ удахэкIейщ!

— Сыиныху сэ фэри фохъу нэхъ ин.
Сыдахэху сэ нэхъ дахэж фыхъунщ.

— ЩIылъэ, ЩIылъэ, щыIэ уэ плъэмыкI?!
ЩIылъэ, ЩIылъэ, сытуи убэшэч!

— ЩIыдэзгъахуэр гугъуехь псори псэм,
ВдэзгъэпсынщIэу аращ хьэлъэр сэ.
Сыбэшэчмэ, слъэкIыу сыбэшэч?
ФыдзыхэнкIэ сощIри аращ шэч.

Зэм фэ батэр щывогъэш дунейм,
Фыкъеухуэ зэми фэ Iуэху жьгъейм.

— ЩIылъэ, ЩIылъэ, бгъэпщкIурэ сыту куэд!
Ауэ гуауэ щхьэкIи уимыкIуэт!

— Сэ фи гуауэр сымыгъэпщкIугъам,
Дунейр нэщхъеягъуэм зэщIибгъат.

ЩIылъэ, ЩIылъэ, сыту уэ улъэщ!
ЩыIэу пIэрэ узыпэмылъэщ?!

— Сэ лъэрмыхьу сыщытамэ, фэ
Фи къарур дэнэ къикIын нфIэщIт?
ЩыIэщ сэри дзыхэ сыкъыщыхъу —
Гуауэр си кIуэцI щызогъэв, си шыпхъу.

Армыхъу сэ си нэгу щIэкIам хуэдиз
Илъэгъуауэ цIыху си куэщI имыс,
Пэжщ, уIэгъэу нобэ стелъу хъуар
Фэрщ, цIыху цIыкIурщ, къыстезыдзэгъар.

Ауэ, сыкъэгубжьу, сывэмыбг.
Псори сошэч — сымыухуэу сибг.
БлэкIар блэкIащ. Ауэ сыволъэIу:
Щызевмыхьэ афIэкI лей си щIыIу.

— ЩIылъэ, ЩIылъэ, уиIэщ уэ ныбжь ин!
Иджыри пфIэщIрэ куэдрэ упсэун?

— СимыIамэ ныбжьу апхуэдиз,
Къэвгъэщ1энур цIыхум сыт хуэдизт?
Сымыпсэууэ щытмэ куэдрэ сэ,
Къыфхилъхьэну хэт фи гугъэ псэ?

Сыузыншэм — фыузыншэщ фэ.
Си Iуэху фIымэ — фэри фи Iуэху фIыщ.
ЛъэIу фхузиIэщ — фымыбэлэрыгъ!
Iэщэ къафщтэу сыкъэвмыщI нэрыгъ!
Фэ сэрыншэу гъащIэ фимыIэн.
Сэ фэрыншэу сытхэр си пэрмэн?

СИ АНЭ, СЫТЫТ КЪЫЗЫХЭКIЫР АР?

Уэ пхуэдэу ин сыхъуным сыщIэхъуэпсу
Си сабиигъуэ IэфIыр есхьэкIащ,
Сыббгъэдэувэрт, си анэ, махуэ къэси
Зозгъапщэрт, сфIэщIу уэ пхуэдиз сыхъуа.

СыпIащIэрт апхуэдизкIи,
Илъэс бжыгъэр,
СощIэж, нэхъыбэ сщIыуэ щыщIызгъуар,
Ин сыхъумэ, сфIэщIт къыспэплъэу дуней
фIыгъуэр.

Си анэ, сытыт къызыхэкIыр ар?

ИтIанэ къезыхьэлIэу зэ теуэгъуэр
Гъуэгур зищIысыр зыгъэунэхуа
Шым и ныбжь сыщынэсым
Сабиигъуэм
СыхуеплъэкIыжу куэдрэ къысхуихуащ.

Спэщылъщи лэдэх зэфэзэщ губгъуэшхуэр,
Си жагъуэщ уэ пхуэдиз сызэрыхъуар.
Сыхуожьэ си гъэ бжыгъэм кIэрызгъэхуу.
Си анэ, сытыт къызыхэкIыр ар?

Сыщыхуэзащ сэ гугъуехь Iэджи гъащIэм,
Iыхьлыхэм папщIи щIэзгъэкIащ нэпс куэд,

ГуфIэгъуэ зыхэслъагъуэ махуэр мащIэу
Лэжьыгъэм сыщIэщIауэ гъэхэр кIуэрт.

СфIэмыIэфIыжу си псэр къыщыхъу щыIэт.
Арщхьэкlэ пцIыкъым сэ тхьэм селъэIуар
Гущlэгъу къыскхуэщIи сыгъэпсэу тIэкIу
жысIэу.
Си анэ, сытыт къызыхэкIыр ар?

Мы дуней фIыгъуэм уи лъакъуащхьэм
къэсу
Уэ ухэт нэхърэ, быным я насып
Плъагъумэ, угуфIэу, ахэм уабгъэдэсу
Анэ къалэныр фIыкъэ къыплъысыныр?

Си псэр IукIауэ си бын тIэкIум папщIэ
СимыIэу жей, сымыщIэу зэрыхъуар
Си Iуэху ныкъуэщIэу къыстещхьа жэщ
дапщэ?
Си анэ, сытыт къызыхэкIыр ар?

Хьэлэлу злэжьащ си къарум къитIэсыр.
СфIощI си лъэпкъ напэр сымыгъэулъий —
Гуауи гуфIэгъуи псэкIэ салъэIэсу
Уэрэду стхахэм си гурщ я уэлийр.

Арщхьэкlэ, жьыгъэр си ужь къыщиувэм,
СщIахэм соплъыжри — мащIэщ злэжьыфар.
Ауэ Iуэхуншэ сыхъукъыми — согуфIэ.
Си анэ, сыт зо къызыхэкIыр ар?..
Си анэм зэкъым сызэреупщIар.

ДЫГЪЭР БГЫМ ЩХЬЭДОХЫЖ

Дыгъэр хуокIуэжри щхьэдэхыпIэ лъагэм,
Абы и бзийр хуэм-хуэмурэ щIоткIукI,
Ар зыщхьэдэх къыр папцIэхэм я лъахэм
Мэлыхъуэ щIалэм и уэрэд къоIукI.

ТопщIыпщIэ уи нэр тхыпхъэщIыпхъэ дахэу
Зэхэлъ хъун кIыру дэуфафэм жьым.
КъопщыIэкIуэж нэкIушхуэм мэл итахэр,
Я кIапэ инхэр тыралъафэу щIым.

Гъэхуауэ и тхьэкIумэр
Мэлыхъуэхьэр
Плъыращи махуэм — пхэщIкIэ йотIысыкI,
Жейр къытехьэлъэу щырищIэхми и щхьэр,
Цырхъ макъ зэхихмэ, и псэр къыхощтыкI.

ИкIи мэл хъушэм зэуэ ар хуосакъри,
Си псэр нэхъыфIщ жимыIэу,
Хъумэ хуей,
Заридзыфынущ дыгъужьипщI и закъуэ
Хьэлэлу къулыкъу зыщIэ а хьэ хейм...

Мэл хъушэр нэкIум къохыж.
Уэрэд макъми

Хуэм-хуэму пщыIэм Iэгъуэ зыкъыхуещI.
Мес, тоувапэ бгыщхьэм дыгъэ лъакъуэр,
Пшапэми Iупхъуэр — пшэплъыр нызэхуещI.

Къырым тет дыгъэм IэщIэлъ и бэракъым —
Пщыхьэщхьэ пшэплъым еуфэбгъу дунейр.
Мэлыхъуэ щIалэм игъэIу уэрэд макъым
ЩIэдэIуу къуршхэр хелъэфэжыр жейм.

СИ ШЫПХЪУМ ДЕЖ

Ныжэбэ гуэрым услъэгъуащ пщIыхьэпIэу—
УэркIэ гумыгъуэ сщIэркъым сыщIэхъуар.
УсIэщIэкI хуэдэти, сыныпкIэлъыIэбэу
Сытым хуэдиз жэщ кIыхьым сэ къэзгъар?

СыныпкIэлъыжэрт,
Ауэ, си Iэ си лъэр
ЗэщIэна хуэдэти, си пIэм симыкIыфт,
Дунейр зэм псыдзэ бзаджэт,
Зэм уэсылъэт,
Зэм нэхутхьэху дахэт,
Зэми хъужырт кIыфI.

АрщхьэкIэ гуауэ иным сыщIихуащи,
Уэ укъэслъыхъуэу дуней псор щIэсщыкIт.
Псыхэр зэпысчри мэз гуэр сыщIыхьащи,
Сыхьэчэхьэпсэу секъуу лъэр щIощIыкI.

Сытми, зэгуэр зыкъэсщIэжрэ,
Си нэр
Зэтесхмэ,
Уафэр гъунэгъубзэу сфIощI:
Сытелъу арти сэ и щыгу къыр иным,
ЗыкъэсIэтын хуэдэуэ зызощI.

Арщхьэкlэ дэнэт?!
Зы бзу дахэ гуэри
Фэразэу къысщхьэщытщи сыногуо:
— Си псэр хэкlа уи гугъэу ара уэри? —
Ар сэ къызэщэ сфlощlри сызэгуоп.

Гуэныхь къэсхьауэ къыщlокl:
Игу къысщlэгъуу
Дамэ къысхуищlу къызэупщl нэхъейт:
— Ухутыкъуа хьэмэ гузэвэгъуэ
Ухэту ара?
Сыткlэ укъысхуей?

Дыгъэ бзий щlыкlэу си нэм къыщlэлыдэ
Уи нэпсхэр зыхуипкlутыр хэт, си шыпхъу?
Си мыlуэху зесхуэу, кхъыlэ, къыумылъытэ,
Тескlути пщымыхъу уи уlэгъэм шыгъу.

Блэкlыр кlуэдыпlэ ихуам,
Гуауэ зиlэм
Напэншэщ
Е зыхэмылъщ гущlэгъу,—
Фэрыщlагъэншэу бзум ар къыщызжиlэм,
Кlэрыпщlэщ сигури сэри сщlащ псэлъэгъу:

— Шыпхъу закъуэ сиlэт си нэ си псэу
слъагъуу,
Сфlэкlуэдри ар си щхьэр къыфlихащ,—
Жызоlэ сыкъотlысри сэ ерагъыу,
Бзу цlыкlуми абдеж и щхьэр
къыфlэхуащ.—

Си псэр щlэстами,
Етlысэх симыlэ
Къэзгъуэтыжыху си шыпхъур,— жысlэу
Уэ
Ущызгъеижым,
Зыри къызжимыlэу,
Дамэ къысхуещlри, бзури йохьэж уэм.

Итlанэ къегъэзэжри куэд дэмыкlыу
Бзу дахэр спэмыжыжьэу къыщотlыс.
Икlи, сымыщlэу абы къыригъэкlыр,
И дамэ цlыкlухэр хуэму егъэсыс.

Тобэ! Еплъ къэхъум — бзум и дамэ
щlагъым
Ущlэсу укъихьа фlэкl умыщlэн —
Сыноплъ,
Къэхъуа телъыджэр согъэщlагъуэ,
Бзуми щымыlэ фlыгъуэ хуэзмыщlэн.

Ауэ, иджыри си фlэщ мыхъуу слъагъур,
Уэ зыноздзауэ пхузощl Iэплlэ, ба.
Гуфlэгъуэ нэпсми нэгум щыпхеш лъагъуэ.
Къытщыгуфlыкlщ бзу цlыкlури лъэтэжащ.

Сыкlэлъыпхъуат бзу дахэм, къэзубыду,—
Фlыщlэ зымыщlыр фlы зымыщlэращ,—
Бзуупсэм ба хуэсщlыну арат быдэу —
Сылъэмыlэсу уэгум ихьэжащ.

— Упсэу гуфlэгъуэ къахуэпхьыфу
цlыхум! —

ЖысIэу сокIийри, сыдоуш абы.
Бзу щIыкIум и пIэ си щхьэгъубжэ нэхум
Къыдэплът зы дыгъи пхуэмыщIынт
къабыл!

Си шыпхъу, зэхуаIэщ гурэ гурэ лъагъуэ —
Сэри ныжэбэ уи нэгу сыщIэкIа?
НахуапIэ хъууэ пщIыхьэпIэфIу тлъагъур,
Ди насыпт, гъащIэу диIэр етхьэкIам.

ЗЭТIОЛЪХУЭНЫКЪУЭ

Къыщохъу Iэджэ дунейм Iейуи фIыуи.
Къыщохъу Iэджэ дунейм щIэуи жьыуи.
Жэщыр блокIри дунейм къегъэщI махуэр.
ГущыкIыгъуэр гурыхь дохъуж дахэм.

ПцIыри пэжри пфIощI
зэтIолъхуэныкъуэу —
УарохьэлIэ куэдрэ зэдэщIыгъуу.
Апхуэдабзэу зыр зым хуэшхыдэжу
Емрэ фIымри уолъагъу зэдэщIыгъуу.

Уэгум щыпхашу тлъагъуми Шыхулъагъуэ,
Абы щIэуэ зыри хэдмылъагъуэ.
ЩIэуэ щыIэ псом я лейщ мы Iуэхур:
ЦIыху къызэралъхур, зэрылIэжыр цIыхур.

Зэм гуфIэгъуэщIэм егъэнщI ди дунейр,
Зэми цIыху гуауэ къэскIэ донэщхъей.

ПЩІЭГЪУАЛЭ

А. Т. Дзидзарие хузотх

Сыкъегъэуш сэ гъатхэ жьыбгъэ гуакІуэм.
Ар псынэ ІэфІу ІукІэ изошэх,
Ар жьыкъым — анэм и быдзышэ
ткІуаткІуэу
Іэпкълъэпкъым зыхигуашэурэ йожэх.

Сигу хигъэхъуащи мо пщэдджыжь дахащэм
ПщІэгъуалэ екІу сытесу къысфІощІыж,
Нэм къимыплъыхь ди хышхуэм сытехьащи
Бгъэр къыпхиуду сигуми зефыщІыж.

Дамэ къыстекІэу сылъэта нэхъейуэ,
Зэм толъкъун хужь-пщІэгъуалэр согъэлъей,
Зэм си псэр игъэтыншу щытщ мыхъейуэ —
Хым и ІэплІэшхуэм силъу сегъэжей.

Зэм иныжь Хьэит * и хы къэралыгъуэм
ПщІэгъуалэ хъыжьэр къыщызогъэджэгу,
Гъуэгу напщІэр пэбзий мафІэкІэ елыгъуэ,
Толъкъунхэр къыщІолъэлъыр си шы лъэгу.

* Абхъаз хъыбархэм зэрыхэтымкІэ, хыхэм я тет пащтыхьышхуэщ.

Сынос хы лъащІэм.
Си щхьэр къыфІоху занщІэу.
Сыкъопсых ижьырабгъумкІи сощым.
Зэгуэр си лъэпкъым и кхъэ хъуа хы
лъащІэм
Сигу щыкъутауэ сыкъытохьэж щІым...

СоІэтри щхьэр, соплъ уафэ лъащІэ
къабзэм.
ПщІэгъуалэм — си гупсысэм адкІэ сехь.
СолъэІу тхьэм: гу щызгъахуэ си Абхъазым
И уафэм, и хым — сыпхухъу щхьэузыхь.

Арыншэм арщ сыхъуауэ сэ тІэулІэ.
Тхьэм имыух ар!
МэкІэкуакуэ псэр...
ПщІэгъуалэр — си насыпыр изохулІэ
ХъуэпсапІэм хуэкІуэ Шыхулъагъуэпэм сэ.

АНЭМ И ПИСЬМО

Хэку зауэшхуэм хэкIуэда си къуажэгъу Гицбэ Д. Р. фэеплъ хузощI.

Иухат зауэр.
Дыдейт ТекIуэныгъэр.
Жэщ мащIи,
Махуэ мащIи,
Мазэ мащIи,
Гъэ мащIи мыкIуат.
Зауэм и уIэгъэр
Игъэгъущыжт хуэм-хуэмурэ ди гъащIэм.
Унагъуэ куэдым я гуфIэгъуэт.
Ауэ
Унагъуэ Iэджи дэнэщхъейхэрт гуауэм.
И гугъэр химыхыжу щысти,
Анэр
МэтIысри етх къезыхуэкI гукъанэр:

«...Си щIалэ закъуэ Датыкъуэ 1938 гъэм дзэм ираджауэ щытащ. Зауэр къэхъейри абы хиубыдащ. Абы лъандэрэ хъыбари-шыбари иIэкъым. СыволъэIу,— ар зыдэщыIэр фщIэмэ, хъыбар сывгъащIэ.

Гицбэ и анэ Минуцэ. 1956 гъ., май.
Дурыпщ къуажэ».

Итхыгъащ анэм.
Арат анэм итхыр.
Плъагъукъэ, тхьэмыщкIэр
зыхуейр-зыщIэупщIэр:
Игу къэмыкI абы и къуэр мыпсэуххэу,
Хьэмэрэ и къуэм и кхъэм щIэмыупщIэ.
Зыщ зыщIэлъэIур:
И къуэр зыдэщыIэрщ.
Итхыгъат анэм письмо.
Итхат анэм.
Анэгу, анэпсэр гъуэгугъэлъагъуэу иIэу
Ежьауэ щытащ письмор а зэманым.
Анэм и гугъэр дамэу зытет тхыгъэм —
ЛъыхъуакIуэм Iэджэ зэпичащ гъуэгуанэу.
Ар гъуэжь хъужат иса пфIэщIыну дыгъэм.
Зи махуэр мыгъуэр абы пэплъэ анэрт...
Къегъэзэж хьэлъэу письмом и жэуапым —
И дамэм кIэрыщIа пфIэщIт абрэмывэ.
Лъы нэпс къыщIэжырт абы телъ шэ уапIэм.
Гуауэм зэрихьэ анэр ещхьт пхъэмыфым.

«...Советскэ Хэкум папщIэ зи псэр зытахэм ящыщщ уи къуэ Гицбэ Датыкъуи. Ар яукIащ 1941 гъэм и ноябрым...»

Гъэ бжыгъэ Iэджэ блэкIащ абы лъандэм.
Къэувыжащ лъэ быдэкIэ ди Хэкур.

Жыгышхуэ хъуащ хасагъар чы лантIэу.
Тыншыжащ ди цIыхубэм я псэр, я гур.
Ауэ зи къэтхэр къэмыкIуэжа Iэджэм
Я псэм телъ гуауэм кIуэ пэтыхукIэ
хэхъуэрт —
Ахэр гугъат!
Гугъахэт нобэм къэскIэ.
Иджы я гугъэр хахыжын хуей мэхъур...
Мо письмор къонэ.
Ауэ езы анэр
МащIэ щIа мыгъуэ дунейм зэрехыжрэ?
Куэд зи нэгу щIэкIа а письмо-лъыхъуакIуэр
Гъуэжьыбзи хъужащ гуауэм ипхъэхыжри,
Ар зауэм и бий фэеплъ тIуащIэ хъуакIэщ.

ГУЛИА ДЫРМЫТ И ФЭЕПЛЪ СЫНЫМ ДЕЖ

Уи фэеплъ сыныр щагъэува махуэм
Ноби урещхьщ уэ:
Уардэу узэфIэтщ.
Уи плIэм идзауэ абхъаз щIакIуэ дахэр
Ди къалэм уринабдзэу хадэм уитщ.
Сыт щыгъуи уи ущием,
Уи чэнджэщым
Хуей дыхъурт —
Уи бжэр дэркIэ зэIухат,
Уедмыгъэзэшт усыгъэм и щэджащэр —
Уэ жьыми щIэми адэу удиIат.
Дыпхуеблэгъамэ, уи дуней гуфIэгъуэт,
Уи лъэпкъ и бынхэм насып къалъысар
ЩыплъагъукIэ,
Уи щхьэм къэс нэхъейуэ фIыгъуэр,
Нобэу къысщохъу сэ укъыщытхэсар.
Фэ фхуэдэу,
ЖыпIэрт,
Зи насып къикIауэ
Ди абхъазыщIым илъэгъуакъым куэд.
Сыт хуэдиз,
ЖыпIэрт,

Ди лъэпкъ къыхэкIауэ
Хамэщ1хэм щыхъуа ффIэщIрэ
щIапIэкIуэд?..
Уи псалъэ Iущхэм сыщыст сыщIэдэIуу.
Теплъызэрт си нэр мо уи щхьэшхуэ тхъуам.
Сеплъ сфIэщIт къурш щхьэхухэм —
СигукIэ тхьэм селъэIурт
Утхуихъумэну лъэпкъ тхьэмадэ хъуар.
КъысфIэщIт слъагъу къуршыр лъагэ хъу
зэпыту,
Уи макъ зэхэсхми — лъэпкъыр къыдежьу,
КъысфIэщIт зытIэту дэри уи ужь диту,
Уэ къыббгъэдэсхэр дыхъуу нэхъ къару.
КъысфIэщIт игъащIэ псокIэ уи уэрэдым
КIэ имыIэну,
Сыту жыпIэм ар
КъыхэкIырт цIыхум и Iэпкълъэпкъ
пщыкIутIым —
Лъэпкъ джэрпэджэжи аращ ущIэхъуар.
Зэм къысфIэщIт уэ къурш псоми
уелъагэкIыу,
ЛъапэпцIий защIу ахэр къыбдэплъей,
КъысфIэщIт щIыналъэу щыIэм едахэкIыу
Уэ узибын Апсныуэ * си дунейр...
Уи псалъэ Iущхэр си тхьэкIумэм иту,
Уи теплъэр си нэгу щIэту,
Къурш нэхъей,
Уи фэеплъ сын зи пащхьэ нобэ ситым
КъысфIощI цIыхугъэкIэ сэри сищI нэхъ бей.

* Апсны — Абхъаз хэкурщ.

АБХЪАЗ МЫВЭХЭР

З. В. Анчабадзе хузотх.

Абхъаз мывэхэ...
Апсны мывэ гъуабжейхэ —
Зыхъумахэ лIэщIыгъуэ Iэджэм я щэху,
Зигухэр гуаем ириудахэм нэхъейуэ,
Щхьэ имылъыжрэ фи нэгу гуфIэгъуэ нэху?
Сыт лъандэрэ фыбзагуэ икIи фыдэгу?
Абхъаз мывэхэ...
Апсны мывэ домбейхэ!..
Фыпсэууэ щхьэ пасэу фыхъуа щIым и
щIагъ?
Ди тхыдэм и напэкIуэцIхэу дызыхуейхэр
Жьы дэхъужри дэкIуэдэжащ фи къуагъ.
Гууэу фи нэгум ислъагъуэхэм сагъагъ.
— БампIэ ин бзаджэм зэгуиудам и махуэр
КъызэрытхуэкIуэрэ икъукIэ куэд Iей щIащ.
Зэманри къытщысхьакъым —
Дэ дыкъутахуэу
Дытрикъухьщ дунейми щIым щыщ
дыхъужащ.

Арати, сыт пщIэнт?
Ди сурэтым дикIащ.
Жьы дыджхэм,

Бийхэм фыкъезыгъэл быдапIэу
Дэ сыт хуэдизрэ дывиIэгъат зэгуэр?
ФэрэкI Iэужь нэхъей,
Дищтащ дэ шэ уапIэм.
А псоми нэмыщI къытщIэуэри псы уэр...—
Гыз макъ щэху зэхэсхым къысфIекъутэ гур.
Абхъаз мывэхэ...
Апсным и лъэпкъ фэеплъхэ!
ФыкъацIыхуж къудейщ нобэ фэ
къывэплъхэм,
Сыту тхьэмыщкIэ бзаджэ мыгъуэ фыхъуа
Дагъэнэщхъей дэри гуауэу фэ флъэгъуам.
Абхъаз мывэхэ!
Апсным и мывэу псэм пэсщIхэ!
Фи напэм Iэ дэслъэу сэ фи пащхьэм
ситщ —
Сыт хьэзаб фтелъами, щхьэузыхь
зытхуэфщIу,
Лъэпкъ фэеплъу нобэм къэскIэ щIыгум
фитщ.
Абхъаз мывэхэ!..
Апсным и мывэ лъэщхэ!
Фи хьэлым,
Фи гум щыщ тIэкIу тыгъэ къысхуэфщI.

СУХУМ КЪАЛЭМ И ЖЫГХЭР

УмыщIэн дыгъэм и бын защIэу фIэкIкIэ
Ди Сухум къалэм дэтщи зы жыг къом!
Уэгум етащ я щыгухэр апхуэдизкIи,
Уафэм пэщIэт пфIощI ахэр —
Ещхьу пкъом.

ИщхьэмкIэ уафэм щхъуантIэпс
къащIигъэжу
ИтIанэ хыми хагъэпскIа нэхъей,
Щытщ жыгхэр,
Гъэми щIыми замыхъуэжу —
Нэр ящыджылу щхъуантIэ дахэкIейщ.

Сыт пхузифIыщIэ, си лъэпкъ губзыгъащэ!
Хыр гущэ,
Къуршхэр гущэкъу зыхуэпщIа
Си къалэм жыгхэр щыптIэгъэжри фащэу
Дуней жэнэткIэ зэджэр къэбгъэщIат.

Си Сухум къалэ и жыг дахэкIейхэ!
Анэ быдзышэр зыпезмыхьэкIын,
Си щхьэфэр лъэгущIыхь ныфхуэсщIынщ
фыхуеймэ,
Нэхъри дахэжу тхьэм ищI фыкъэкIын!

РИЦЭ

Уэздыгъей щхъуантIэр,
Iэуэлъауэ щхъуантIэр,
Хьэуа щхъуантIэпсыр зи фащэу щыт
дунейм
ЩIэлъщ и бгъуэщI щхъуантIэм
ФIыгъуэр зыдэз пхъуантэу
Си Рицэ дахэу
Къуршхэм япхъу нэхъейр.

Нэ фыгъуэ зиIэр зрамыгъэплъым хуэдэщ
ЖыхуаIэр уи фэгъу гуэру къыщIэкIынт:
Уахъумэ къуршхэм сакъыу къыпщхьэщыту.
ЩыIэнкъым уидыгъуну зылъэкIын.

Хы адрыщIхэм плъакIуэхэр къызыхуикIыу
Щытыгъа пащтыхьыпхъухэр сытым щыщ
Уэ уэлъытауэ?
Я нэхэр къыпхуикIыу
Пхуеблагъэм Апсны хэкур хуохъу хьэщIэщ.

Нэкугъуэм ещхьу, Рицэ, укъабзащэщ,
УафэщIэ куум телъщ уи щхъуантIагъэ
ныбжь.

Уолыдри IэпIэ зэрыщ щыкъу дахащэу,
Iэ фIейкIэ къоIусэну дзыхь ямыщI.

Пэжщ, дыгъэм пхегъэпскIыхь бзий
зэщIэпщIыпщIэр,
Мазэм и нурри жэщкIэ пходжэгухь.
Сэтэней закъуэт уи куэщI хуит
зыхуэпщIыр —
Къыу щIыкIэу зэнзэныпсым ар хэсыхьт.

НэгъуэщIхэм щхьэкIэ,
УелъэпIэкIти дыщэм,
Уи лэгъунэбжэр зэхуэщIа зэпытт,
Псэ уасэт пхуагъэфащэр уэ техьэпщIэу —
Уэ уи мэIухуу къуршхэр къыпщхьэщытт.

УкъыщIашат зэ закъуи уи лэгъунэм
Уи хъыбар дахэр мы дунейм тез хъуащ,
Уи плъакIуэ къому къикIхэм щIым и
гъунэм
ТехьэпщIэу я гуфIэгъуэр тыгъэ пхуащI.
Уэздыгъей щхъуантIэр,
Iэуэлъауэ щхъуантIэр,
Хьэуа щхъуантIэпс зи фащэу щыт дунейм
ЩIэлъщ и бгъуэщI щхъуантIэм
ФIыгъуэр зыдэз пхъуантэу
Си Рицэ дахэу
Къуршхэм япхъу нэхъейр.

АЖАЛЫМ ТЕКIУА ЦIЫХУМ ТЕУХУА БАЛЛАДЭ

Бенделиани А. хузотх.

А цIыхур къыщалъхуари къыщыхъуари
Тхьэм пищI къурш инхэм я куэщI лъагэрщ.
Ар здынэмысарэ имылъэгъуарэ
IэгупIэ щыз имылъ ди лъахэм.

Зи Iэпкълъэпкъ къикIа и адэжьхэм ещхьу
ЩакIуэу, лъагапIэм хуэпIащIэу
И дунейр абы щихьырти къуршыщхьэм
Арыншэм гъащIэр имыбжт гъащIэу.

Къалэ уэрамхэм дэт фIэкI умыщIэну.
Лъагъуэ къуейщIейуэ зэпичт Iэджэ,
Ар хуейт имыщIэу щыIэхэр къищIэну,
Мурадхэм теIэбэну IэкIэ.

Ауэ зэгуэр,
Къурш хэкум къыщикIухьу,
ЛIым и гур —
Къыхуалъхуар лъагапIэм —
Къощтэ:
— ДигъэкI, жи, псынщIэу бгыщхьэм,
Нэдгъэхьэсыж, жи, ди псэр лъапэм.

АрщхьэкIэ гувауэ къыщIокI:
ПIсэхэх бзаджэм
ИщIэнур ищIат:
Гъуанэдэуэу
ЛIым и гум къамэ жаныр щигъэбзакIэт,
КъытоункIыфIэ дунейр зэуэ.
Къамэ удыным иужь гущIэлъапсэр
Iэдэкlэ хатхъ пфIощI —
Къочэ бгъэчыр,
ЛIыр и гум йопхъуэ,
ПIастхъэ-лъастхъэу
Жыгхэм, къыр дзакIэм зарешэкIыр.

Дэплъеи уафэщ,
Къеплъыхыжи щIылъэщ,
Псэ зыIут иткъым а тIум я кум,
А лIым гъуэгуанэ хьэлъэу къыпэщылъым
Къигъэдзыха хъунщ дунейм и гур:

ПIлъэмэ, елъагъу:
Щыхь дахитI къыбгъурыту —
Ахэр пищIт и псэм сытым щыгъуи —
— Нэгъуэщl пхуэтщIэфкъым, ныбжьэгъу,
доукIытэ,—

ЖыхуаIэу,
КъокIуэ лIым дэщIыгъуу.

Уафэми, гъуэгур къигъэнэху нэхъейуэ,
Вагъуэр щIегъанэри къещI лъахъшэ,

А псоми лIым къыхалъхьэ къару лейхэр:
Псэ лъэщкIэ йоныкъуэкъу къурш лъагъуэм.

ЗиIыгъщ лIы хуэдэу —
ЛIэнми хэлъщ, жи, лIыгъэ.
Зэпечыф лъэпощхьэпо Iэджэ.
Псэр нелъэфэсри мафIэ бзий нэхугъэм
ЩIым хохуэ,
Жыг къэуа щIыкIэу.

Алъандэм,
ЛыIу щIэнэцI дыгъужь нэпсейуэ,
Абы и ужь ита псэхэхым:
«Хъуащ иджы —
СытекIуащ,— жиIэ нэхъейуэ,
Дзэлыфэр итIу щытщ.
Арыххэу

Мор къоплъэ —
ЦIыхур щхьэщытщ зэхэзежэу.
Мохь иджы, псэхэх! — жиIэ щIыкIэу,
ЛIыр цIыхухэм къоплъ и Iупэр тIэкIу
зэтежу.
Псэхэхми абдеж кIэбгъу зещIыжыр...

ЛIым и нэр нытоплъызэ уафэ къабзэм.
— Сыту ялейуэ укъабзащэ!...—
Уэгум къуршыбгъэ щилъэгъуам
йохъуапсэ —
ЛъагапIэм итщ лIым и гуращэр.

Яшэну сымаджэщым яхуимыдэ:
— Сахэфшэж, жеIэ, си бын тIэкIум.
Жьыр къыпеубыдри ар бэуэфкъым хуиту.
Тепшэни дзыхьщIыгъуэджэщ гъуэгум.

АтIэми, абы къыпэщылъ гъуэгуанэр
КIыхьщ.
КъуейщIейщ.
Мохэр арщ щIэшынэр.
АрщхьэкIэ зи псэм еджэ лIыр хуобанэ
И сабий быным хэплъэжыным.

Сыт щхьэкIэ жыпIэм абы и гум ещIэ:
Жыжьэ IукIакъым ажал бзаджэр —
Мес,
Елъагъу:
Мобдеж къыкъуэсщ и псэм къещэу.
А тIур дапщэрэ зэзэуакIэт?!

Аргуэру ар техьэнущ щIакIуэ кIапэ.
ТекIуэн хуейщ е лIыр,
Е псэхэхыр.
— Сыфшэж!..
СаIувгъэплъэж си бын я напэ! —
Арщ хэплъэгъуэшхуэм лIым къыхихыр.

Арати, ар аргуэру,
Иужь дыдэу,
И псэр хэкI пэтрэ, тохьэ гъуэгум...
Къаплъэмэ —

Шыкурщ! —
Бынхэрщ къыщхьэщытыр!
Псэхэхыр щIэтыжкъым лIым и нэгум.

ЛIыгъэшхуэщ зэ ажалым утекIуэныр.
Ауэ хахуагъэ псом ялейуэ
Къысщохъу ар тIэу-щэ хэбгъэщIэныр.
Араш мобы уэрэд хуэтхын щIыхуейри...

Уэращ,
Уэ пхуэдэ цIыхухэрщ си лъэпкъ набдзэр,
Уэ пхуэфэщэн ухъу си уэрэдыр,
Упсэу,
Уи лIыгъэм щIыгъуу напэ къабзэр!
Уэ уи псэрщ сэри псэуэ схэтыр!

СИ КЪУРШХЭ...

Ей, си къурш инхэ!
Си псэм хуэдэ къуршхэ!
Си хэку гъунапкъэм и быдапIэ лъэщ.
Си къуршхэ —
Зи уардагъым сригушхуэ,
СыпсэухункIэ фы си анэ куэщIщ.

Си къуршхэ!
Гъэ мин дапщэ я нэпкъыжьэ
Фэ фтелъыр?
Ауэ фи фэм зимыхъуэж.
Фэ къывдэплъейурэ ди нарт бын
лIыхъужьхэм
ЛIыгъэ яхэлъу лъахэр яхъумэжт.

Си къуршхэ!
Ахэр дунейм ехыжами,
Фэ ноби фыхуохъу си хэку и мэIуху,
Удынхэм домбеякъыу фагъэжауэ
Фыщытщи си насыпщ сэ фызиIэху.

Фэ Iэдэбыгъэу, зэпIэзэрытыгъэу
Вдэслъэгъуар фи инагъым хуэдиз мэхъу,

Фэ фи псэ Іыхьэу къыскхуэфщ Іыфым тыгъэ
Мы дунеишхуэм темытын и фэгъу.

Си къуршхэ!
Апхуэдизк Іэ си фІэщ фохъури
Фыкъэзмылъытэ бегъымбару фІэкІ,
Си натІэм къритхар фэ фщІэ къысщохъури
Лъэбакъуэ счыху фи дежкІэ сыноплъэкІ.

Сэ илъэс дапщэ сыпсэуну щытми,
Си къуршхэ,
СощІэ,
Фэращ зэлъытар —
Сэ злэжьхэр фэ фхуэфащэу слъагъуу
щытмэ,
Илъэс минищэ сфІэщІынщ къэзгъэщІа.

Ей, си къурш инхэ!
Си псэм хуэдэ къуршхэ!
Фхэлъщ лІыгъэ, бэшэчыгъэ, Іэдэбагъ,
Си плъапІэр фэрщ сыжеймн сыкъэушмн —
Сы зы удз цІыкІуу сыщІэвгъэт фи щІагъ.

СХУЭХЪУМЭ, КХЪЫІЭ, АР СХУЭХЪУМЭ!

Си сабий фащэу школым япэ дыдэ
СызэрыкІуар схуэхъумэ, сянэ дыщэ:
Ар хъуным йомыгъэшхыу хуэсакъыт быдэу,
ИкІи ар, кхъыІэ, зэй зым йомыщэ.

Сыкъихьэжыху къэс, сянэ, сэ уи пащхьэм
Си сабиигъуэ пхъуантэм къыдэхыжи
СыІугъэплъэжыт а си школ фащэм —
Мы си псэ ешам жьы схудебгъэхужу.

Абдеж сэ нобэ, абрэмывэм хуэдэу,
Хьэзабу стелъыр сІэщІогъупщыкІыжри,
Си сабиигъуэм къысщохъуж сыхэту —
СыткІэ уэстын апхуэдэ гукъэкІыжхэр!

ИІэт, си тІасэ, жыпІэу сфІощІ
Си фащэр
Къапщтэу.
Сыбгъашхэу.
Укъыстелъэщ Іыхьу.
Къыспэплъэ фІыгъуэр къэбгъэсын
упІащІэу

Слъагъу сфIощI насып гъуэгуанэм
сытебгъэхьэу.

Сэри сыпIащIэрт гуапагъ бдэслъэгъуахэр
Си ныбжьэгъу цIыкIухэм ядэзгуэшыжыну.
Си насып пэжти, сянэ, сэ а гъэхэм
Я фэгъу си нобэр хъуауэ слъагъужыныр...
Ауэ си фащэр, школым япэ дыдэ
СызэрыкIуар схуэхъумэ, сянэ дыщэ:
Ар хъуным йомыгъэшхыу хуэсакът быдэу,
ИкIи ар, кхъыIэ, зэй зым йомыщэ.

ТОЛЪКЪУНХЭР

Я напIэ нэху щыхукIэ къемыхауэ
Къызэрохуэкl толъкъунхэр.
Сыт зыхуейр?
Хьэзэрышх щIыкIэу зэрыгъэмэхауэ
ЗэрыукIащ
Къагъаплъэу куейр.

Зэм зыр ищIыIу,
Зэм адрейр ищIагъ хъууэ
Зэрыхокухь къэтэджхэуэ я щхъуэщ,
А псори зи нэгу щIэкI хы бжьэпэр гъыуэ
Псы Iуфэ удзкIэ щIелъэщIыкI и нэпс.

Сыт сымыщIамэ, къысхуитIэскъым си
щхьэм:
Яхуэмыгуэшу зэпаубыдыр слIо?
ЛъыщIэж зяку илъу зэбий цIыхухэм ещхьу,
ХэтIэрыхэсэ щхьэ ящIа жэщ псом?

Зым зыр зыгуэрым ириушту пIэрэ —
Хилъагъуэу толъкъун зауэм и сэбэп?
Е ныбэизагъ къызыхэкIыр?
Ари
СфIэмыкъабылу нэхъри сызэгуоп.

...КъызэрохуэкIхэр зэрагъэшхыу я дзэр.
Ауэ,
Шыкурщ! —
Зыр адрейм IэщIокIыж,
Армыхъу си фIэщ мыхъут,
Ахэм пыту я псэр,
КъахэкIынщ жысIэу тобэ къэзыхьыж.

Хьэм и губжь кхъуэм щехьэ, жи,
псалъэжьым.
Апхуэдэщ толъкъун къызэрыгъэплъар —
Я бампIэр бжьэпэм тракъутэ пфIэщIу
Сыт хуэдиз удын абы кърадзар?

...Си щхьэр тескъутэу согупсыс нэху
щыхукIэ:
Зы лажьэ лъэпкъ зимыIэ бжьэпэ хейм
Толъкъунхэр зэмызэгъыу къэгубжьыхукIэ
Къимылэжьауэ щхьэ къылъысрэ лей?

...Нэхулъэ къещI.
Хуэм-хуэму зеIэт уафэм.
Зэманыр къыпщохъу и пIэм ижыхьа.
Хыри мамыру щIэлъщи бжьэпэ бгъафэм,
Жей IэфIым дуней псор пфIощI хилъэфа.

Зэмызэгъыжу зи цIэр,
Хъийм икIауэ,
Ныжэбэ жэщым дунейр зыкъута
Толъкъунхэр хы Iуфэм щигъуэлъыкIащи
Ещхьщ ахэр зауэлI зэрыукIыжам.

ДЫГЪЭ ЛЪАГЪУЭ

Нобэрей махуэм уэгум ижьыхьащи,
Дыгъэм тенджызым Iэгъуэ зыкъыхуещI,
Къыпыжу бзийр
Ар дунейм хуэлэжьащи,
Абыи зигъэщIыIэтыIэн хуейщ.

ДзыхьыпцIэ къахуимыщIрэ
къыхуэсакъыу,—
Упсэухэ дыгъэр, мазэр! —
Мис а тIум
Яхъумэ хыр:
Къагъанэркъым и закъуэу.
Къэрэгъул зэблэкIыгъуэщ иджыпсту.

ТокIуэт хуэм-хуэму
Махуэм лэжьа дыгъэр.
Мес мазэр — нур и Iэпэм пфIощI къыпыщ.
Хыр хедыкI дыщэ вагъуэкIэ.
Ар тыгъэ
Пщэдджыжь къэс зыхуищIхэм сэри
сащыщщ.

КъокIуэтэх дыгъэр.
Дыщэ лъэмыжыфэу

Хиш лъагъуэр хуэму хым и щIыIу щохъей.
Абы утету ежьи,
Уи шыр шыфIмэ,
Дыгъэм тынш дыдэу укIуэфын нэхъейщ.

Толъкъунхэр хъуаскIэу зи лъэгу къыщIих
хуарэр
ЕхулIи уафэ нэзым — дэIэбей,
Къыпычи дыгъэр, мыIэрысэ хъуауэ,
Къытехьэж дыщэ лъагъуэ дахэкIейм.

Дэп щIыкIэу, щIисыкIыну пIэрэ Iэгур?
Е бдзэжьей щIыкIэу, пIэщIэцIэнтхъужын?
Е дыщэ кIанэу нытелъалъэу щIыгум
Нэхъри нэхъ дахэу къытщигъэхъужын?

...Нэхъ лъахъшэ, нэхъ ин хъу зэпытщи
Дыгъэм
И лъагъуэм нэхъри кIыхьу зеукъуэдий,
Уафэмрэ хымрэ Iэпэ зэрыIыгъыу
А дыгъэ лъагъуэм щащI пфIощI лъэбэдий.

Ауэрэ дыгъэр хотIысхьэпэ хышхуэм.
Дуней псор пфIощI иджы абы и гъуэгу:
Дахагъэу уэ бдэслъагъухэмкIэ сыгушхуэу,
Си Апсны лъахэ, ущIэлъынщ си бгъэгу.

Си къуэр къамылъху щIыкIэ хуэстха усэхэр

1. СЭТЭНЕЙРЭ СЭРЭ

Сэтэней, си шыпхъушхуэ Сэтэней,*
НыбжесIэгъауэ пщIэжрэ уэ дунейм
И щхьэусыгъуэр сэ гугъуехь
щIыстелъым?
Щхьэ жэщкIэ семызэгъыу пIэрэ жейм?
Сыхэлъ нэхъейуэ шыгъушыпсыпIэ Iейм?
Уэ пщIэрэ — сыт си махуэри щIэхьэлъэр?

Е си насыпыр нызэрыптекIуам,—
Зэман зырызым дызэрыхалъхуам
КъыхэкIыу,—
Уэ хъуэпсапIэу уиIа куэдым
Си Iэр техуащи,
Ара уи нэхейм
Сэ симыгъакIуэу, си шыпхъу Сэтэней?
Гъыбзэр къебэкI щхьэ хъурэ си уэрэдым?

* Къуищэ иIауэ хэтщ абхъаз нарт хъыбархэм.

Сыт пщIэн-тIэ?
Псори зым ират мыхабзэ.
Сэри къохъу, Сэтэней, уэ сыщохъуапсэ.
— Ар сыткIэ?
СыткIэ?!..—
Іуэхум щымыгъуазэ
Іэджэ къыздолъхэр,
Ягъэдалъэу дзасэ.
Уи дахагъ къудейм щIыхьу къыпхуихьам,
ЩIым теуэу уи щхьэцышхуэ едзыхам
УамыщIыфын уфIэщIрэ хъуапсэнэIу?
АбыкIэ емыкIу сыкъыумыщI — солъэIу.

Дыгъэр щIэхъукIырт уи нэгу нурым
фагъуэ.

Уи нэ дахитIыр къилыдыкIырт вагъуэу.
ЩIакIуэм и фэгъу уи щхьэцыр-щэ!
А псоми
Си насыпт, щыщ гуэр сэри къыслъысамэ.
Къуэ бгъущIрэ бгъурэ къэплъхуу
къэбгъэхъуныр,
ЛIыхэу бгъэсэн къудейр и уасэ сыт?
Уи лъэпкъыр бгъущIрэ бгъурэ
бгъэгуфIэныр!..
АбыкIи уэщхь сыхъуамэ, си насыпт.

Ауэ щыпэлъхуу лъэпкъым хуэзгъуэтыну
Си быным сызэрежьэм хуэдэу,
Уэри

Упэплъэрт къуэ е 100-нэр къыщыплъхунум.
Дыанэт:
БынкIэ дызэщхьт уэри сэри.
Нарт Сосрыкъуэу лIы фIыцIэ гъущI Іунэм
Ещхь дзэ псо къэзылъхуа цIыхубз
щэджащэ,
ДыщэкIэ пхуабгъэ хъунт уи унэр.

Уэ анэ псоми къысфIощI урагуащэу.

Хэт хуейми емыкIу къысхурещI сэ,
Ауэ
Уи бынхэм я фэгъу зы дзэ сраанэу
Щытамэ, слъытэнт тхьэм и нэфI сщыхуауи
Хуезджэнхэт лIыгъэм,
ЩIыхьым я гъуэгуанэм.
Мо щIалэ бжьыфIэ,
ЩIалэ бланэ екIухэм
Яшхэр ягъатхъуэу Апсны хэку щебгъажьэу,
Уи нэмыс, уи щIыхь яхьу нэгъуэщI хэкухэм,
Уи лъэпкъ зыхуэдэр дунейм
кърагъащIэу...

Ахэр гъуэгуанэ щытезгъэхьэм деж
Тыгъэ хуэсщIынт хэт си бзэр,
Хэт — уэрэд,
Хэт си гукъеуэр, хэт си гукъыдэж —
А псор хэкуищэм щезгъэщIынт пэрыт.
Нарт цIыхубз хахуэ!
Нарт лIыхъужьхэу лIищэм

Я анэ!
Уи насыпым сыщIохъуэпс!
Си гъащIэр схьынт си бынхэм
сахуэлIыщIэу —
Уэ уи ухыгъэр сэри къыслъыгъэс.

Сэтэней гуащэ, си шыпхъу Сэтэней!
Иджыри пхузиIэжт зы лъэIу къудей:
Уэ уэщхьу сэри схулъэмыкI щымыIэу
Уи пIэм зы махуэ закъуэ сигъэт, кхъыIэ.
Сахуэупсэнт бзылъхугъэу дунейм тетым:
Пхъу хуейм естынт пхъу,
ЩыIэми къуэ хуей,
ЗгъэгуфIэнт уи бын бжыгъэм хуэдиз дыдэ
Тыгъэ хуэсщIынти,
СщIынт и лъэпкъыр бей.

ИтIанэ си Iуэхут, си шыпхъу Сэтэней,
Лъэпкъ цIыкIукIэ дэ къыдэджэми.
Дыуардэу,
Лъэпкъ инхэм ди инагъкIэ захуэдгъадэу,
Ди щхьэр Iэтауэ дытетынт дунейм.

Сэтэней гуащэ, си шыпхъу Сэтэней!
Уи лъэкIыныгъэр щызбгъэIыгъа махуэр
ЩиуткIэ дунейм тетым сызэхахыу
Сэ иужь дыдэу мыр щIызгъуж къудейщ:
ПэIэщIэ фыхъуи нартхэм я кIуэдыкIэм,
НатIэ фхухъу,
ЦIыхухэ,
Ахэм я къежьэкIэр!

2. ПЩIЫХЬЭПIЭМ

Джэд щыкъун и пщIыхьэгъущ, жи.
Уэ си пщIыхьым
Жэщ псом ухэтщи си псэр бдопIейтей —
Зэм Нэхущвагъуэу си нэгу укъыщIыхьэу,
Зэми урещхьу дыгъэ дахэкIейм.

Ауэ а пщIыхьхэр сэ къысщохъу нахуапIэ.
Уэ гукIи псэкIи зыныпхузоший.
УщIэскъузэну арщ си бгъафэ хуабэм —
ПхуэзмыщI дзыхьыпцIэ, си псэу си сабий.

Тхьэ солъэIу щэхуу: дыгъэм, Нэхущвагъуэм
Я хуабэм,
Нэхум уи псэр ухъу я фэгъу.
Уеблэм уэ нуру къыпщхьэщихым фагъуэ
Уи дыгъи, мази, вагъуи къысфIощI дэхъу.

Джэд щыкъун и пщIыхьэгъущ, жи.
Уэ щIэмычэу
Ухэтщ си пщIыхьми си псэр мэпIейтей.
Укъыскуашийри май удз гъагъэ щIыкIэу,
Сыноплъ уезгъэщхьу хахагъащIэ кхъуейм.

Узипсэщ.
Узигущ.
УзиIэпкълъэпкъ защIэщ.
Си Iэгум уилъщи сыт бжесIэн, сыт сщIэн?
Къыскуимыхуа мыпхуэдэ Iуэху игъащIэм,

Сымыщlэ си гуфlэгъуэр зэзгъэпщэн.

Гу ныпщызмыхуэ пэтми, езгъэлеймэ,
Нэ тезгъэхуэнщи... жысlэу сигу ныпщlогъу.
Уогъущlэ, зэрыжаlэу, удэсхьеймэ,
Укъесхьэхыжми, ущlытэн къысщохъу.

Уеблэмэ си щхьэм, си lэ апхуэдизу
Уэ хуабэу,
Гуапэу узыгъафlэм дзыхь
Яхуэзмыщlыжурэ сызэщlэкlэзызэу
Си лъэдакъэпэм си псэр тонэцlыхь.

Уэ къыптепlауэ узыхъума сигуми
Дзыхь хуэзмыщlыжу нэкlэ узогъэхъу,
Зи lэплlэр ди хъыринэу щыта щlыгуми
И куэщlыр иджы къощlыlэкl къысщохъу.

Зы дыгъи, мази, вагъуи — зи хуабагъэ,
Нэхугъэ псоми дэркlэ емыблэж
Уафэми дзыхь хуэзмыщlт —
Анэпсэ къуагъым
Си дуней нэху закъуэр щысхъумэжт.

Зыпщызмыгъэнщlу, си нэхъуейр икlауэ
Сыноплъри къысхуэмыщlэ уздэсхьын,
Насыпыр зэуэ сэ къызэбэкlащи
Ар дунеишхуэм къысщохъу хурикъун.

Схуэщlкъым си фlэщ: игъащlэм къуэ
щlэхъуэпсу
Дунейм тет анэ псоми я фэгъу сэ
Мыпхуэдэ фlыгъуэ ин къызэзыпэсу
Къысхуэупсэм сэ, ебгъэшх хъуни псэр.

Хъуркъым си фlэщ: си ноби си пщэдейми
Мэскъалкlэ семыблэжу щхьэузыхь
Зыхуэсщlыфын си къуэ,
Уэра жейуэ
Си бгъафэм щlэлъыр зыхуэзмыщlу дзыхь?!

3. ПIЕЙТЕИГЪЭ

Гъэмахуэ уэшх нэужьым къиуа псыуэ,
Сlэщlокl гуфlэгъуэр — ар къысфlохъу
сэтей,
Сыкъырехьэкlри сэ насыпым зэуэ,
Уеблэм сыкъащl хъунщ куэдым емыкlу
lей:

Ящызмыбзыщl цlыху цlыкlум си
гуфlэгъуэр —
Ар дызогуэшыр, сыхуэзами хэт.
Къысфlощl сэ сызыпэплъэм хуэдэ фlыгъуэ
Зылъыса псэкlэ бауэм яхэмыт.

Шыщlэ къамылъхум хузэщlэслъхьэу уанэ
Зызмыбж —
Хыр хы зыщl ткlуэпсу укъысщохъу,

Удыгъэу, мазэу, вагъуэу щIылъэ-анэм
Укъыщхьэщыту къысфIощI сэ услъагъу.

Уеблэм зэхэсх си гугъэщ уэ къызжепIэу:
«Си анэ, ЦIыхуу сытетынщ дунейм!»
ИкIи и лъэгум узытес алъп жэрым
ХъуаскIэр къыщIих сфIощI уафэхъуэпскI
нэхъей.

И джэрпэджэжщ уи псалъэр ди лъэпкъ
псалъэм.
Ди лъэпкъ хьэл-щэнхэр уэри пхэлъ
къысщохъу.
Пасэу щIэздзауэ сопIейтей, си щIалэ —
Ди лъэпкъри сэри дыкъыумыгъэщIэхъу.

Ауэ сэ куэдкIэ сызэрыпщыгугъыр,
Сынолъэ Iу, си къуэ, щхьэжэ къыпщымыхъу.
Слъэмыкlыу зэрысIуатэр си гуфIэгъуэр,
Сыволъэ Iу, цIыхухэ, фэри къысхуэвгъэгъу.

Къытехьэ закъуи псынщIэу дуней хуитым
Гузавэу пIейтей си псэр гъэтыншыж,
УщIэлъми, ущIэсхынкъым уэ си нитIым —
Уи адэ къуэпсым лIы хуэдэу пыщэж.

4. СИ ТЫГЪЭ

Ухъу, си щIалэ, кIыхь уи гъащIэр!
Сыт гуфIапщIэ ныпхуэсщIын?

Сымылъку щIэкъукъым сэ игъащIэм —
Нэпсеигъэр сыту тщIын?

Ауэ тыгъэ сыт пхуэсщIынур?
Хуейкъэ зыгуэр пхуэсшиин?
Зы нарт унэ пхуезгъэщIын-тIэ?
Езыр екIурэ хъужу ин?

Нарт Сосрыкъуэ и Бзо* дэгъуэм
Ещхь уанэши пхуэзгъэшхэн?
Нартхэ япхъу Гундэ** и фэгъуу
Зы щхьэгъуси къозгъэшэн?

ЩыщIэзгъанэу уэгум вагъуэ
Абы уи цIэр фIэсщыжын?
Апсны хэкум уи зы лъагъуэ
МыкIуэдыжу пхухэсшын?

А зи гъащIэр кIыхь хъун си къуэ,
Сыт гуфIапщIэ ныпхуэсщIын?
Пхуэзгъэфащэр фIыгъуэу зыкъым.
Ауэ пэжыр щхьэ збзыщIын?

Дуней фIыгъуэм я нэхъ лъапIэр —
Хэкур тыгъэ ныпхузощI,
Дуней цIыхум ураплъапIэу
Упсэуну хьэкъ пщызощI.

---

* Б з о — нарт хъыбархэм къызэрыхэщымкIэ, Сосрыкъуэ ишщ.

** Г у н д э — нартхэм я шыпхъу закъуэу щытащ.

5. ГУГЪАПІЭ ЩЫГУМ СИТУ

Іуащхьэмахуэ и щыгу дыдэм ситу
Дунеишхуэм хъыбар езгъэщІэнщ:
Зы псэт схэтри схуэбэгъуащ ар пситІу —
Си хъуэхъуакіуэм гуапэу сапежьэнщ.

ЗэІухащ си куэбжэр — фыкъеблагъэ,
Си унагъуэм къыщыфІэт джэгужь.
Фщымыхъу, кхъыІэ, жысІэуэ делагъэ,
Ауэ къуэшхуэ сиІэуэ флъагъунщ.

Абы фІыгъуэу, гугъэу къыдэкІуэнур
Сэ гуфІакІуэ япэ къыскхуэкІуа
Псоми фхуэзгуэшынщ си гуапэу куэду —
Фыкъеблагъэ — си бжэр зэІухащ,

ИугъащІэ си зышыІэныгъэм! —
А гуфІэгъуэм сэ сылъэІэсынщ,
Сыту жыпІэм Іэщ Іыб сищІкъым гугъэм,
А си гугъэр дыгъэу къыскхуепсынщ.

Сэ мы нобэу икІи мы ныжэбэу
ГъащІэу сиІэм сыпэплъащ абы,
Си гугъапІэр зэпхылъэтри пшэбэм
Ди щыгу итым ар ищІащ къабыл.

Иджы месыр, си гур зыщІэхъуэпсым
СылъоІэсри дуней псор сысейщ,
КъыхэкІынущ псэщІэ си псэ къуэпсым —
Си гугъапІэ щыгур дахэкІейщ!

6. АНЭР БЫНХЭМ СЫТКІЭ ЯЩЫГУГЪРЭ?

Анэр бынхэм сыткІэ ящыгугърэ?
ЖысІэнщ пэжи, куэд Іей ар хуэмей:
Илъагъу закъуэу щытмэ бын гуфІэгъуэ,
Къыщохъу абы дуней фІыгъуэр ей.

Я нэщІэбжьэ бынхэм имылъагъумэ,
Плъыжь дэмыхъумэ псэкІэ къигъэщІам,
И жьы хъугъуэм фІыуэ тІэкІу къалъагъумэ,
КъыхуащІэну псори къыхуащІащ.

Куэд хуей анэр?
И пхъум и ІэфІыгъэ,
Къуэ гулъытэ, ІэфІагъ тІэкІущ зыхуейр.
Дунейм щехыж махуэм къуэм и лІыгъэ,
Пхъум и гъыбзэ, и нэпс — аркъудейщ.

ДЫГЪЭМРЭ ХЫМРЭ

Уафэм къесхьэхри хым хэздзати дыгъэр,
Сыгуфlэрт бэлыхьлажьэ сщlа си гугъэу.
Ауэ цlыху цlыкlур мэкlий, зэрызохьэ:
— Дыкъэсэхыжщ!..
Доунэхъу!..
Дунейр зэlохьэ!..

Хыр игъущыкlынщ,— жаlэ,—
Щlылъэр исынщ мафlэм.
Си псэр lуокl.
Соплъ хым.
Сыдоплъей сэ уафэм.
Лъэпсылъэм гъущl гъэплъа хаlуа нэхъейуэ,
Толъкъунхэр зэрызехьэрт, пlэнкlыу-лъейуэ.

Мо дыгъэ гуащlэм къызэпхилыгъукlри
Хъуат зэхэзежэ, я нэр къицlыщхъукlырт.
Ауэ хуэм-хуэму мэпыlэж толъкъунхэр,
Къаувыхь дыгъэр нэжэгужэ хъужхэу.

Зэроубыдри я lэр цыджан къафэ
Ящl нэхъей,
Хым и щыгум щоуфафэ.

Уеблэм къэфэгъу къащlауэ дыгъэ бзийхэр
Псори тетщ зэдащlри ислъэмей фийуэ.

Игъащlэм жыжьэу фlэкl зэlумыплъахэр
Щызэдэщlыгъущ, мес, зы гуфlэгъуэ лъахэм.
Соплъыж си lитlым — уэгум къезыхьэхыу
Дыгъэр хым хэзыдзами,
Сэ арыххэу

Сеlэт гуфlэгъуэм — дыщэр къапыщэщу
Пфlэщlу а тlур мэлыд, зэщlопщlыпщlэ...
Абдеж сигу хохъуэ — пщlэншэу
сыкъалъхуакъым:
Дыгъэмрэ хымрэ зэкъуэш зэхуэсщlакъэ?!

...Пщэдджыжьщ.
И бзийр-и щхьэцыр хым хилъащlэу
Дыгъэр къыщlокlри къохьэ уафэ лъащlэм.
Сфlэзахуэщ зэрыжаlэр: «сабий дыгъэщ».
Зи дунейр, зи псэр lэфl мо агъэбыгъэм
Ещхьт нэжэгужэу,
Нурыр къыщхьэщихыу,
Псэкlэ бауи мыбауи къедэхащlэу
Щхьэщыти ди хым зы дыгъэ дахащэ.

КЪЫХОIУКI ЖЭЩЫМ ЦIЫХУБЗ ДЫХЬЭШХ МАКЪ

Зэхызох цIыхубз дыхьэшх макъ ныжэбэ.
Ар зэм зэпоу.
Зэм, зэгуочри жыпIэу,
Хуожьэ дыхьэшхыу —
Жэщыр къыподжэж.
Зэхызох цIыхубз дыхьэшх макъ.
Ар, дауи,
ГуфIэгъуэ,
Насыпышхуэ джэрпэджэжщ.
А макъым къысщохъу жэщыр зэщIищтауэ.
А макъыр дуней тепщэ хъуари пэжщ.
Хъуащ розэм и мэ гуакIуэр нэхъри дахэ.
Вагъуэхэм я пIэм мыщIэхэр щопщIыпщI.
— Сыт, си шыпхъушхуэ, фIыгъуэу
къоуэлIахэр? —
Зи макъ зэхэсхым гукIэ сыноупщI.—
Е пэж ныжэбэ плъагъур насып япэу?
Е уи щхьэгъусэр зыгъэгуфIэгъа
Уи щыпэлъху щIалэм уи цIэр жиIэу
Гуапэу
Уи бгъафэ хуабэм зыкъыщIикъуза?
Е нэгъуэщI псалъэу — апхуэдизу уи псэр

ДэгуфIэн хуэдэу мы жэщ хэкIуэтам
Зэхэпхар сыту пIэрэ уэ, цIыхубзым?
Сыту фIыт, куэдрэ куэдрэ угуфIам!..
Ауэ ныжэбэ фIыщIэ хузощI гъащIэм
Зэрызэхэсхым папщIэ макъ жьгъырур.
Дауэ къыпщыхъурэ, уэ уэщхь зы
щхьэлъащIэ
НасыпкIэ уи жэщ къыпхуищIыну нур!..
Ей си шыпхъушхуэ, а уи дыхьэшх макъыу
Зэхэсхым Iэджэ къегъэкIыжыр ис сигу:
Гуауэу згъэвари къыщIохьэж си нэгу.
ГуфIэгъуэ мащIэ сэри, слъэгъуакъым, пэжщ,
Ауэ хьэкъщ мыр: уэ пхуэдэу, Iэджэ щIауэ
СыщIэгуфIэн Iуэху къысхуихуэжкъым сэ,
Уи дыхьэшх макъым арщ нэщхъей сищIауэ
СлъэмыкIыу нобэ щIысфIэтхьэджэр псэр.
ЩIоузыж си гур псэкIэ къэзгъэщIауэ,
АрщхьэкIэ къимыкI щIыкIэ си
Iэпкълъэпкъ,
Усыгъэ куэди щытащ сфIэлIэжауэ.
Куэдри сагъагът симыIэу лажьэ лъэпкъ.
Ауэ си узыр зэй нэгъуэщIым и щхьэ
КIэрысцIэлъыну сыпылъакъым сэ —
Жыг икъутэжым ещхьу пхъэщхьэмыщхьэм,
Си хьэлъэр-гуауэр дэзгъэхуэжырт псэм...
Сщхьэщех гупсысэр дыхьэшх макъ
зэхэсхым.
Ар я уэрэдым ещхьщ зэм къуалэбзум,
Зэми пфIощI тхъэжу сабий къом зэхэсхэу,

Зэми налкъутналмэсу мэжьгъыру.
Иредыхьэшх а цIыхубз насыпыфIэр.
И макъ гуфIэгъуэм жэщ куэд дрежьу.
Ар дэ цIыхубзхэм ди гимн сщIынт
сыгуфIэу...
А макъыр пIэтынщ, дуней — къызэщу!

ДИ КЪУРШХЭР

Сн ныбжьэгъу грузин усакIуэм хузотх.

Зы пщIантIэ къыдэкIа зэкъуэшхэм ещхьу,
Я ныбжьым, я инагъым елъытауэ,
Къуршхэр зэхэтщ, мес, пщIэ хуащIыжу я
щхьэм,
Абыхэм уафэр пфIощI яIыгъ Iэтауэ.
Согушхуэ саIуплъэхукIэ сэ а къуршхэм —
Уи хуаби щIыIи щайуэ къащымыхъуу
Лъагагъыр зи гуращэу псэу зэкъуэшхэм
Срашыпхъу сфIощIри
Араща сигу щIыхэхъуэр.
Абыхэм саIуплъэху къэс нэхъ ин сыхъуу
Сэ щIызигугъэм и куэдщ щхьэусыгъуэ:
Къытщхьэщыт сфIощI ди лъэпкъыр зи
бын нартхэр
Ди гъащIэм и бжьыфIагъым ириуардэу.
Сэ а уардагъым къару ин къысхилъхьэм
Сыт лъабжьэ хуэхъур?
Ар ди зэкъуэшыгъэрщ!
А зэкъуэшыгъэ лъэщым ди бийр хисхьэу,
Дэ къуэш къытхуэхъухэм хэхъуауэ я
бжыгъэм,

Дэ ди гум къыпих бзийм дэхуабэу
щIылъэр,
Дэ ди цIыхугъэм бжьыфIэ дэхъуу цIыхур
Щыслъагъукlэ къысфIощI насып
къыспэщылъым
СытеIэбауи —
Си псэм зегъэпсэхур.
Аращ сэ гурэ псэкIэ ныбжьэгъугъэр
Псом япэ изгъэщыну щIызигуапэр,
А ныбжьэгъугъэр хуокIуэри къуэшыгъэм
Абыхэм я псэм сэри сегъэхуабэ.
Арщи, цIыху цIыкIухэ, мыр фхузиIэщ
лъэIуу:
Ди къуршхэм дещхьу зыр зым дыпэщIэту,
Дызэкъуэш палъэу дывгъэпсэухэ, кхъыIэ,
КъыхэмыщтыкIыу щIыр ди жьауэм щIэту!

ЗЭМАН, ЗЭМАН...

Зэман, зэман...
Дунейр зи Iэпэгъу.
УхэщI зэпытщ.
Жэщ ныкъуэ хъуакIэщ.
Гъатхэ —
Лъагъуныгъэр зи гуэшэгъу,
Зыщигъэпщкlуар уи гум дэнэ къуакIэ?

ХэщIапIэу дэнэ деж къыхихар?
Е дэбэмпIыхьу дэс пхъуантэ фIыцIэм?
Ар блэрэ?
Е дагъэр зыуха
Уэздыгъэу, нэху лъэпкъ имыдзрэ?

Зэ догуэт!
Къэушащ къуалэбзур!
Ахэр уэрэдкIэ пожьэ махуэщIэм.
Налкъутналмэсу лыд хы щхьэфэ цIум
Дунеишхуэр зэщIэпщIыпщIэу къощыр.

Чэф уещI бжьэпэм декIуэкI удз гъэгъам
Къыпехри зы мэ!
Удзым пылъ уэсэпсыр

Нэ минкIэ къеплъ пфIощI нэхущ
къэблэгъам.
Уэмрэ щIымри зэщIыгъущ зэнэзэпсэу.

Мес, мыщIэ щIыкIэу, вагъуэр зыхэз
Уафэшхуэр щIым къыдоджэгу нэщхъыфIэу,
МазэщIэри пфIощI зи шэгъуэ хъыджэбз —
Набдзэхэр хэлъэту къоплъых гуфIэу.

ЩIыми а псор щегъафIэ и куэщI.
СогуфIэ сэ —
Уэмрэ щIымрэ я псэр
Зы чысэм илъщ.
А тIум яку нэгъуэщI
Лей къыдэмыхьэу дунейр щрет къабзэу...

Мазэр хуэм-хуэму уэгум токIуэт.
Нэхущ пшэплъым хошыпсыхьыж вагъуэр.
Ахэм кIэлъыплъ щIылъэми зеIэт.
Гъатхэ пщэдджыжьыр къытохьэ
лъагъуэм...

Зэман, зэман, дунейр зи Iэпэгъу,
ТогъэкIуэт жэщри къогъэщI махуэр,
Гъатхэ зэман-дэрэжэгъуэ дахэ,
Ди гъащIэ псор ирехъу уэ уи фэгъу!

СЭ СЫЗЫХУЕЙР...

Сыт узыхущыщIэр?
Сыти нэхъ ухуей? —
ЖиIэу къызэупщIым
КъещI си жагъуэ Iей.

Ауэ псори сиIэу,
Сыхуэмейуэ зы,
ЗэхэфхакIи жаIэу,
ФемыдаIуэ — пцIыщ!

Зыми хуэмеижыр
ЛIэуэ щIалъхьэжарщ,
Ауэ нэхъеижыр
Нэпсеигъэр арщ.

Сэ, тхьэм и шыкуркIэ,
ТIуми сащымыщ:
Сыпсэущ. ИкIи мылъкукIэ
Напэр пуд сымыщI.

— Пхуэмыгъуэтыр сыт? —
ЖыпIэу ущIэупщIэм,
Сызыхуейр сэ зыт:
Зи гурылъхэр IупщIу

Зи акъылкIэ бей,
Зи цIыхугъэм, лIыгъэм
Дэджэрэз дунейр —

Мис абы сылъыхъуэу
Гъащ1эу сиIэр схьынщ,
Мис апхуэдэ лIыхъум
Уи псэр ебгъэшх хъунщ.

ХЪЫДЖЭБЗ ЦIЫКIУМРЭ КЪЭРАБЭМРЭ

Дыгъэр, щIыр — мы дуней псор зэхыхьэу
Егугъупэу къагъэщIа удз гъагъэу,
Губгъуэм итщи хъыджэбз цIыкIу къижыхьу,
КъыщIоджылэ уи нэм и дахагъыр.

Мо къэрабэ жьыбгъэм кърихьэкIым
И ужь иту мажэ сабий дыщэр,
Си гур хохъуэ хъыджэбз цIыкIум
щхьэкIэ —
Насып защIэщ, фIыгъуэщ и нэгу къищыр.

— Уздэлъатэр дэнэ, си къэрабэ?
Къысхуэплъыхъуэу ара си насыпыр?
Сышэ дэни — сэ сымыкъэрабгъэ,
Сыпхуэхъунщ ныбжьэгъу, удз цIыкIум,
сыткIи.

Уарэ! Уарэ! Плъагъурэ мо цIыху къомыр?!
Ара ахэм насып къыхуахьауэ? —
Хъыджэбз цIыкIур тIэкIу иужьым къонэ.
Дэнэ кIуа къэрабэр?
Жьым хыхьащи

И къауцхэр полыд дыгъэ напэм...
Дарий шыгукIэ къашэ зы нысащIэ.
Щауэ гуэрми и кIэн къикIащ нобэ:
ХьэгъуэлIыгъуэм щаIэт фадэ пIащIэр.

МодкIи щысти нанэ нэхутхьэху дахэ,
И щIалэгъуэр къэкIыжауэ и гум,
Йоплъ къэрабэ уэгум илъэтахэм,
ХощэтыкIри зэIуоуэж и нэгур.

Къалъэтыхь къэрабэм и къэуцхэм.
Хъыджэбз цIыкIури якIэлъожэ ахэм.
ЗэщIэпщIыпщIэу губгъуэм ипхъа удзхэм
Яхэгъуащэу къежыхь сабий дахэм.

— Дэнэ, дэнэ нэскIэ фылъэтэну?
Си насыпыр дэнэ къыздисхынур?
Къэзгъуэтыху ар сэ фи ужь ситынущ.
Ар къэзгъуэтмэ, фэри вдэзгуэшынущ.

Уарэ! Уарэ! УэI, мес, сылъэщIохьэ,
Уемыш закъуэу лъатэ, си къэрабэ,—
Хъыджэбз цIыкIуми зеIэт,
Уэгум йохьэ,
И насыпым IэкIэ ар тоIэбэ.

УСАКIУЭ КЪАЛЪХУАЩ

Нобэ нэхъ псынщIэу къэкIухь, ЩIы
хъурей —
Къытралъхуащ УсакIуэ ди дунейм!
Ди нарт Сосрыкъуэ, Абрскил * я фэгъуу
УсакIуэ лъэщ ди лъэпкъым
къыхуалъхуащи
ХъыбарегъащIэ шухэр едвгъэгъажьэ —
Къытхуреблагъэ дунейр ди гуфIэгъуэм!

Къалъхуащ УсакIуэ!
Бын щIэхъуэпсу псэу
Адэм къыхуалъхуу къуэ
Ар дуней псом
ЯригъэщIэну фоч игъауэм хуэдэу,
Фылъалъэт, уафэгъуагъуи
уафэхъуэпскIи —
Апхуэдэ фIыгъуэ плъагъукъым махуэ
къэскIэ:

Къалъхуащ УсакIуэ!
Хъуащ ди гуапэ куэду.

* IуэрыIуатэм щыщ лIыхъужьщ.

Сыволъэlу: «Дэнэ щыщ ар?
Хэтхэ ей?»—
ЖыфIэурэ куэдрэ фемыупщI дунейм.
Сэтэней гуащэщ къэзылъхуар УсакIуэр.
КъыкъуэмыкI щIыкIэ къуршыжьхэм я
къуагъым
КъытлъэIэс дыгъэу зи нэхур, хуабагъыр,
Ар гущэм хэлът щигъэIум и макъ гуакIуэр.

Уи дыгъи мази къыпфIощI дэужьых
Мо усакIуэпсэ къабзэм къыщхьэщих
Нур гуапэм.
ЖаIэ,— пэжуи жаIэ! —
ЩIыгум
Алыхь темыту,
Е тетыпэу дощIри,
УсакIуэр абы япэ куэдкIэ йощыр —

Дуней псом я уэчылщ УсакIуэм и гур.
Ар адрей псоми емыщхькIэ гъэщIэгъуэн,
Фэ гуэрхэр епплъу, хуейкъым къыпщыхъун.
Уэ уигу тебгъахуэм,
Уи псэр щIэмыгызым
УсакIуэр дохъу Iэл,
Абы ил доузыр,
КъыпфIэмыIуэхуу щайуэ уэ къыумыдзэм
Телъыджэлажьэ щыхъуу ар хуоусэ.

ГуфIэгъуэ хуэза — мэхъу ар сабийм ещхь:
Егуэш гуфIэгъуэр — зэй имыщIэ щысхь.

Уэ унэщхъейуэ къыщыбдэнэщхъейми,
ФэрыщIагъыншэу,
И псэм ежэлIауэ
ЗыкъыпщIегъакъуэ,
ПсынщIэ пщищIу гуауэр,
Ар езым и щхьэм къылъыса нэхъейуэ.

УсакIуэр жэщи махуи зэгупсыс
IуэхущIафэм дунеишхуэр зэлъещIыс —
УсакIуэм и псэр хуохъури абы дамэ,
Хым и щIэм,
Уэгум лъоIэсыф ар гукIэ,
Псэ хелъхьэж,
ГъущIым я тхьэу щыта гъукIэу *,
Мывэм,
Ар мафIэм, нэпсым якъутамэ.

Налкъутналмэсу тетым мы дунейм
Я уасэщ и зы псалъэ Iущ къудейр,
Ар гъуэгущхьиблым щыхагъадэм щыгъуэ
Зэгупсысари и щхьэркъым —
ЦIыхубэм
Угъурлы хуэхъуу хуэзышэнщ насыпым.
Ар езыр насыпыфIэщ, бэм дэщIыгъумэ.

Къалъхуащ ар зэщхь темыту щIы хъурейм.
Телъыджэу абы хэлъыр мис арай! —
Ей дунеишхуэ,

---

* Зи гугъу ищIыр Лъэпщщ.

Си псэ узэщIакIуэ,
Нэхъ дахи нэхъыфIыжи ухъунт куэдкIэ,
ФIыгъуэр, насыпыр цIыхум щахуэбгуэшкIэ
ЕдаIуи и гум къалъхуа а УсакIуэм.

Нобэ нэхъ псынщIэу къэкIухь, ЩIы
хъурей —
Къытралъхуащ УсакIуэ ди дунейм!
Ди нарт Сосрыкъуэ, Абрскил я фэгъуу
УсакIуэ лъэщ ди лъэпкъым къыхуалъхуащи
Хъыбарегъащ Iэ шухэр едвгъэгъажьэ —
Къытхуреблагъэ дунейр ди гуфIэгъуэм!

СИ АБХЪАЗ ХЭКУ

Гъатхэм и хэку!
Дыгъэр щыпэкIу!
Къуршхэр зи щхьэгу!
Псынэм я бгъэгу!

Си псэм хэлъ Хэку,
Си гущэр уэрщ!
Си уэрэд екIу!
Уэ сыбдохъу лъэщ.

Зи дыгъэ бзийр
Си нэм и нэху,
Зи теплъэр си
Анэм и нэгу.

Си Абхъаз хэку!
Си абхъазыщI!
Зи вагъуэр уэгу
Къабзэм щыпщIыпщI,

Ди хы домбейр
Зи бгъуэщIырылъ,
Тетыху дунейм
Зы абхъазылI,—

Арщ пхэтыр псэу
Игъащlэ псом,—
Пхэхункъым зыц;
Щыдахэу псэр,

Щыгъагъэу удз
Услъагъумэ сэ,
Си дунейр нэхущ,
Си Абхъаз хэку!

СИ ЖЫГ ХАДЭ — СИ НЫБЖЬЭГЪУ

Си хадэ дахэм соплъри ситхьэкъуауэ
Къыстоуэ гукъэкlыжхэр толъкъун щlыкlэу.
Жьыбгъэри сщlыгъущи хадэм хуеблэгъауэ
Ядоджэгу пщlащэ цlыкlухэр зэlипщlыкlыу.
Пщlэжрэ, жыг хадэ, дунейр ди
тlэупкlэгъуэу,
Жьым тесу псым йопыдж жыхуаlэм хуэдэу,
Дыкъыздэхъут уэрэ сэрэ дызэщlыгъуу,
Тlуми зэхуэдэу цlыху гулъытэр дгъуэту.
Уеблэм си адэ — анэм уэ нэхъыфlу
Уеблэм си адэ-анэм уэ нэхъыфlу
Укъалъагъу сфlэщlт —
Нэхъыбэу уэ къолlалlэрт,
Ауэ уэрэду щыlэм я нэхъыфlыр
Ди сабиигъуэм ахэм хузэхалъхьэрт.
Мис иджы — дэнэ щыlэж сабиигъуэр?
Ар гукъэкlыжхэм къыщlоlукl я щlагъым.
Тхьэм и шыкуркlэ,
Уэри сэри игъуэу
Диуващ лlыпlи,
Iейкъым ди Iэщlагъи:
Я фlыгъуэщ бэм уи хъерыр, уи бэвыгъэр.

Уэрэдкlэ лъэпкъыр согъэгуфlэ сэри.
Ди нэхъыжьыфlхэм тлъэгъуар я lэфlыгъэу
Дыхуэмейт тхуэпшыныжмэ, нэгъуэщl зыри.
Зи гъащlэр кlыхь хъун си жыг хадэ, нобэ
Уражэнэтщ си бынхэм я быныжхэм,
Ахэри тхьэм ищl хуэфэщэн лъэпкъ напэм...
Ситщ хадэм си шу гъусэу гукъэкlыжхэр.

ПСАЛЪАЩХЬЭХЭР

Хыхъуанэм и хъугъуэфlыгъуэхэр

Адыгэ щlыналъэм щыстха усэхэр

1. Хыхъуанэ цlэншэ 3
2. Ди нэхъыжьхэм я къуэпсхэр 5
3. Уи Iэдэбыгъэр 8
4. НэкIэ сынопсалъэрт 11
Анэ 14
Къытезыгъэзэж 16
ЦIыхугъэ 18
Илъэсыщlэ хъуэхъу 21
Бзылъхугъэм деж 24
Си дуней 26
Гущэ уэрэд 28
Цыху псэ къабзэхэр 31
ЩIылъэмрэ сэрэ дызопсалъэ 33
Си анэ, сытыт къызыхэкIыр ар? 35
Дыгъэр бгым щхьэдохыж 37
Си шыпхъум деж 39
ЗэтIолъхуэныкъуэ 43
ПщIэгъуалэ 44
Анэм и письмо 46
Гулия Дырмыт и фэеплъ сыным деж. 49
Абхъаз мывэхэр 51
Сухум къалэм и жыгхэр 53
Рицэ 54

Ажалым текIуа цIыхум теухуа балладэ. . . . 56
Си къуршхэ 61
Схуэхъумэ, кхъыIэ, ар схуэхъумэ. 63
Толъкъунхэр 65
Дыгъэ лъагъуэ 67

Си къуэр къамылъху щIыкIэ

хуэстха усэхэр

1. Сэтэнейрэ сэрэ 69
2. ПщIыхьэпIэм 73
3. ПIейтеигъэ 75
4. Си тыгъэ 76
5. ГугъапIэ щыгум ситу 78
6. Анэр бынхэм ящыгугърэ сыткIэ? 79
Дыгъэмрэ хымрэ 80
КъыхоIукI жэщым цIыхубз дыхьэшх макъ . . 82
Ди къуршхэр 85
Зэман, зэман 87
Сэ сызыхуейр 89
Хъыджэбз цIыкIумрэ къэрабэмрэ 91
УсакIуэ къалъхуащ 93
Си Абхъаз хэку 97
Си жыг хадэ — си ныбжьэгъу 99

Литературно-художественное издание

Тарба Нелли Золотансковна

ДУША ЗЕМЛИ

Стихи

На кабардинском языке

Редактор
Х. Т. Шекихачев

Художник
Л. Б. Шпакова

Художественный редактор
В. Л. Захохов

Технический редактор
Л. А. Тлупова

Корректор
К. С. Чемазокова

ИБ № 2639

Сдано в набор 22.08.90. Подписано в печать 25.02.91. Формат 60×84 1/32. Бумага типографская № 1. Гарнитура литературная. Печать высокая. Усл. п. л. 3,02. Усл. кр.-отт. 3,25. Уч.-изд. л. 2,81. Тираж 1 000 экз. Заказ № 6645. Цена 30 к.

Издательство «Эльбрус»
Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6

Полиграфкомбинат им. Революции 1905 года
Госкомиздата КБССР
Нальчик, пр. Ленина, 33

Тарба Н. З.

Т — 194 Душа Земли: Стихи.— Нальчик: Эльбрус, 1991 — 104 с.

ISBN 5-7680-1829-8

В сборник стихов известной абхазской поэтессы Нелли Тарбы вошли произведения, посвященные к земле адыгов, к прекрасной, цветущей Абхазии, лирика последних лет.

Т $\frac{4702020200\text{-}103}{\text{М125(03)-91}}$ без объявления С(Каб)2

Кlэпl. 30

НАЛШЫК
«ЭЛЬБРУС»
1991

